

CHISIMBISO CHECHINOMWE



Ndatenda, hama. Tichakamira kudaro, ngatinamatei.

² Mwari Samasimba, Muvambi weHupenyu, neMupi wezvipo zvose zvakanaka, zvemweya, zvirokwazvo tinotenda zvino nekuda kwenguva ino inonyanyisa kushamisa, yakanakisa, yekuyanana muHupo hweNyu; inotara nhongonya huru muhupenyu hwedu, Ishe, nguva yatisiri kuzokanganwa, zvisinei nekuti tagara nguva yakareba zvakadii. Uye tinonamata, Mwari, kuti pahusiku huno hwekuvhara. . . Tiri kucherechedza Rugwaro, pazuva rekupedzisira remutambo, Jesu akamira pakati pavo ndokudanidzira kuti, “Chero ani zvake ane nyota, ngaauye kwaNdiri!” Uye ndinonamata, Baba veKudenga, kuti izvozvo zvigodzokorora zvakare manheru ano, kuti tikwanise kunzwa Inzwi raShe wedu richitidana, uye richitidana kuti tiVashumire, kufamba nepedyo. Tinonzwa kuti takatonzwa Inzwi raVo kare, mukuvhurwa kweZvisimbiso izvi, richitaura kuti izuva rekupedzisira, uye nguva yava pedyo. Tipeiwo maropafadzo aya atiri kukumbira, Baba, muZita raJesu Kristu, uye kuitira mbiri yaKe. Amenii.

Garai pasi.

³ Ndinoda kuwedzera izvi, kuti, pashumiro dzose dzandakambova nadzo muhupenyu hwangu, ndinotenda kuti vhiki rino ranga riri iro nguva yakanyanyisa kubwinya yehupenyu hwangu hwese mushumiro. Zvisinei nezvandakambo. . . Ndakaona zvishamiso zvikuru zvichiitwa, hongu, kumashure, neshumiro dzekupodzwa, asi izvi zvinopfuurira izvozvo. Yanga iri imwe yenguva huru, nhongonya dzehupenyu hwangu, kunge ndiri pano. Uye nekuona tabhenakeri diki ichiva nemataridzikiro aya akasiyana; kwete izvozvo bedzi, asi mukati muchiva nemataridzikiro akasiyana!

⁴ Uye, zvino, ndanga ndichibvunza Billy; atora nguva refu kwazvo, pakuuuya kuzonditora. Ati kwanga kune rimwe boka rabhabhatidzwa. Iro, rinodarikira 100, vhiki rino, revanhu vari kubhabhatidzwa muZita raIshe wedu Jesu Kristu. Saka, isu tino—tinotenda. Uye Mwari vakuropafadzei!

⁵ Uye, zvino, kana usina chechi yaunoti yako, tinokukoka pano, kuti uye kuzoyanana nesu. Ingorangarirai kuti chechi iyi yakazaruka. Hatisi sangano, uye ndine tariro neruvimbo rwekuti haisi kuzombova sangano. Inongori ruwadzano apo varume nemadzimai, nevakomana nevasikana, vanosangana patafura yaMwari, uye voyanana paShoko, uye tinoonerana zvinhu zvose muhumwe.

⁶ Zvino, tine mufundisi akaisvonaka, munhu waMwari chaiye, uye ndinotenda zvikuru nokuda kwazvo. Kana mukarangarira,

chiratidzo, gore rakapfuura, kuti Chikafu chakachengeterwa panzvimbo. Uye ndizvozvo chaizvo. Uye tiri. . .

⁷ Tine nzvimbo yacho zvino, inokwana, yemakirasi eSunday school, emazera ose, uye tinongotenda zvikuru nekuda kwemukana uyu. Vamwe vanhu vakati, imwe nguva, dai vakangova chete nemakirasi eSunday school kwavaizogona kuendesana vana vavo. Zvino, imi, vava nawo iko zvino. Saka, zvino, saka chingouyai muve nesu kana musina kuchechi kwamunoenda.

⁸ Chokwadi, kana mune chechi yakanaka kwamuri kuenda, uye vachiparidza Evhangeri, nezvimwe zvakadaro, handiti, rino—rinongova rimwe boka redu, munoona, kune imwewo nzvimbo. Asi kana usina musha, uye uno. . .

⁹ Ndinonzwisisa kuti vazhinji, vakatamira kuno vachibva kune dzimwe nzvimbo dzenyika, kuti vagoita ino chechi yavo. Uye zvirokwazvo tinokugamuchirai pano kuShoko raShe. Uye ndinorangarira, ndinodaira kuti, pandakaenda, ndakakuudzai kuti—kuti shumiro, sekuona kwangu, dzaizova pano patabhenakeri.

¹⁰ Handisati ndaziva nazvino zvese izvo Ishe vakandichengetera mune ramangwana. Ndiri kuvimba neruoko rwaVo pazviri, kwete zvimwe zvitendwa zvemweya-mweya kana chimwe chinhu. Ndinongomirira, zuva nezuva, kuti Vanditungamirire pazvimbo pekuti ndizoVashumira zviri nani. Uye kana Vapedza neni, zvino ndinovimba kuti Vachandigamuchira Kumusha, murugare.

¹¹ Uye, zvino, ndinotenda zvikuru nekubata pamwe kwevanhu vepatabhenakeri ino. Sezvandanga ndichiudzwa naBilly vhiki rino, kuti, ndinofunga, imba yese yakamiririrwa pano patabhenakeri ino ine muyenzi wavainaye. Vakazarura, dzimba dzenyu nenzvimbo, uye mukatora vanhu vakanga vasina kana nzvimbo yekwekuenda. Zvino, ndiwo maitiro eChikristu chaiwo. Uye dzimwe dzimba dzakangozadza munhu wese mukanzvimbo kadiki kese kavaigona, kuti vawanire vanhu nzvimbo yekugara.

¹² Nekuti, iyi yanga iri nguva yakaoma kwazvo, nekuda kwezvizvi, imwe mhando yenyaya yanga ichiitika, yezvemitambo yemunyika, imwe mhando yebasketball kana chimwe chinhu, uye—uye vanga vakatochengetesa nzvimbo dzepokugara. Uyezve neboka guru rakabva ku. . .

¹³ Ndinofunga, kwakamiririrwa pano muchechi ino diki, kunge, anenge matunhu 28 kana 30 akamiririrwa imo muno muchechi, tisingaverengeri nyika 2 dzekunze, zvino, uye nerumutsiro rwuduku rwuno. Saka, zvinotora nzvimbo yakati wandei, pachazvo. Munoziva nezve. . .

¹⁴ Ndanga ndichibvunzana nhasi, nevamwe vanhu. Ndikati, “Ndanzwisisa kuti panga pasina vanhu vakawanda vemuJeffersonville, mumusangano.”

¹⁵ Mumwe munhu ataura, akati, “Hatikwanise kupinda.” Zvino, izvozvo, ndizvo zvazvanga zviri. Ndicho changa chiri chikonzero. Mamwe mapurisa, nevamwe vakadaro, vanga vachida kuuya kumusangano, asi vakati, vanga vachingotaura kwese-kwese, vakati, asi vakauya ndokutadza kupinda, zvekuti yakanga yatozara nguva isati yatombokwana yekuti vakwanise kupinda. Saka vakava nenguva yavo, zvichida, gare-gare, zvino havana kuuya. Saka zvino vanhu vari kubva kune dzimwe nzvimbo, saka tinotenda zvikuru.

¹⁶ Zvino, handizive. Chinhu chinotevera shure kweizvi, dzichava Hwamanda Nomwe, mune imwe mharidzo. Asi, muZvisimbiso, chaizvoizvo zvinhu zvese zviri imomo. Mazera echechi akauya, uye tikaaisa panzvimbo kutanga, ayo aive akanyanyisa—ayo aive akanyanyisa kukosha, asi izvo... zvenguva iyoyo. Zvino, kuzarurwa kweZvisimbiso kunoratidza kunoendwa neChechi, uye kuti Inozoguma sei. Uye zvino, ndinofunga, Baba veKudenga vakatiitira nyasha zvirokwazvo, nekutiita kuti tione zvatinazvo.

¹⁷ Uye ndinotaura izvi, ndichitarisa pazvinyorwa zvekare zvakapapiridza nezvazvo, makore mazhinji apfuura, ndaingopinda ndichitaura zvandaifunga kuti zvaiva zviri izvo, nekutopfuurira mberi. Zvakanga zvakatopotsa zvachose. Uye zvino, zvoise 4 zveZvisimbiso izvi, ndakazviparidza mumharidzo ingaite maminiti 20, zvoise hazvo. Vatasvi vemabhiza 4, vemuna Zvakazarurwa, ndakavaisa vose pamwe chete ndikati, “Bhiza rimwe rakaenda riri jena,” ndikati, “zvichida izera re—re—rekutanga. Uye bhiza rakatevera rakapinda munzara,” uye zvichienda saizvozvo. Asi, ini zvangu, zvino Shoko parakazonyatsozarurwa, Rakanga riri kure nemamaira 100 kubva kwazviri.

¹⁸ Saka, zvakatifanira kuti titarise pamwe nekumirira. Uye zvichida yaifanira kunge iri nguva ino yekuzviita. Panogona kunge paine zvinhu zvakawanda zvakataurwa, izvo zvinogona kusawirirana nevamwe vanhu. Asi ndinotenda, kana nguva huru yekupedzisa yasvika, uye tosangana naShe wedu, muchaona kuti Zvakanga zviri izvo. Hongu, changamire. Izvo—Izvo—Izvo ndizvo chaizvo.

¹⁹ Zvino, vanhu vanobva kunze kweguta, kubva kunzvimbo dzakasiyana-siyana, vanouya vachibva kumatunhu uye nenyika dzakasiyana-siyana, ndinokosha zvikuru kuperera kwenyu kufamba chinhabwe chose ichocho, uye nokutora zororo renyu. Uye vamwe vavo vasina kana nzvimbo dzekwekugara! Ndi—ndinozviziva, nekuti ndakakwanisa kubatsira vamwe vavo kuwana pekugara. Vasina kana mari yekudya, kana chimwewo chinhu, uye saka... uye ndokungouya, zvakadaro, vachitarisira kuti chimwe chinhu chichaitika, kuzozvigadzirisa. Uye nekutenda kukuru mune izvozvo, kuti zvisinei kana vachizogara vasina chikafu, kana nzvimbo yepokugara, vanoda

kuuya kuzonzwa izvo, zvinhu izvozvo zvichiitika, zvisinei. Kuita kwehumhare chaiko, munoziva. Uye munhu wese anga achingova akakwana zvizere!

²⁰ Ndasangana natsano vangu kumashure uko, avo vaiva mu—mu . . . vakavaka chechi nezvidhinha, nezvimwe zvakadaro. Uye ndanga ndichivaudza pamusoro pekuti ndinoyemura zvakadii basa ravo. Ini handisi mu—munhu anovaka nezvidhinha, kana kuziva chinhu nezvazvo. Asi ndinoziva zvakaita kona yakati nhwaa, uye kuti yakagadzirwa zvakanaka here.

²¹ Ivo ndokuti, “Regai ndikuudzei.” Vati, “Hakuna kumbova nenguva yakadaro, zvachose, yekuti wakamboona humwe hwakadaro pakati pevarume, pavanoshanda vose pamwe chete.”

²² Hama Wood, Hama Roberson, uye munhu wose achingove ari panzvimbo yake, zvose hazvo. Uye hama ya—yakaisa zvine chekuita nemanzwiwo eruzha, iyo . . . Ndinoreva michina yekukudza izwi nezvese, muchechi. Vakati, “Zvese zvakanyatsoshanda zvakanaka.” Pavanenge vachida chimwe chinhu, paitova nemunhu wacho anenge akatomirira ipapo kuzviita. Saka ndi . . . Mwari vari muhurongwa hwose. Tinotenda zvikuru nekuda kweizvi.

²³ Pane vakapa mari zvikuru vazhinji muchechi, kubatsira kuzviita, vakaita saHama Dauch naHanzvadzi Dauch vagere pano, nevamwe vazhinji vakapa nepakuru kwazvo kuchinangwa ichi. Uye ndinofunga, panguva ino, havana kana chiduku chavanoshaiwa uye zvese zvakatobhadharwa. Saka tinotenda zvikuru nokuda kwazvo.

²⁴ Rangarirai, ichечи yenyu, nekuti uri muranda waKristu. Uye ndizvo zvayakavakirwa pano, mukova wakazaruka wekuita varanda, uye wevaranda vanotori kare varanda vaKristu, kuti vapinde uye vaitirwe zvakanaka pachavo mukuyanana kwaJesu Kristu. Uye tinoda kuti muzive kuti munhu wese anogamuchirwa.

²⁵ Uye zvino mukandinzwa dzimwe nguva, pasi penguva yechizoro, ndichiita sekumwarura masangano, ha—handireve kudaro kupesana nemufundisi wenyu, kana kupesana nechero hama ipi zvayo, hanzvadzi, iri muchechi. Nokuti, mushure mazvose, Mwari vane vanhu musangano roga-roga riripo. Asi haVagamuchiri sangano; Vanogamuchira munhu sedungamunhu ari musangano. Uye . . . Hazvitorere sangano.

²⁶ Naizvozvo, kana vanhu vakasungirirwa zvakananyanya pane sangano, zvino hapana chimwezeve chavanogona kuona kungosara kweizvo zvinotaurwa nechechi iyoyo, munoono. Uye izvozvo zvinobvisa kuyanana nevamwe, uye hurongwa hwekuti Mwari havafadzwe nahwo, uye ndezvemunyika zvisina kana kumbogadzwa naMwari.

²⁷ Saka, zvino, handireve chero munhu sedungamunhu. MuKatorike, muJudha, chero zvazvingava, kana—kana

Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, chero sangano, pasina masangano, uye—uye nevasiri vemasangano, nevose, Mwari vane vana vaVo vagere kunze imomo. Maona? Uye nguva zhinji ndinotenda kuti vari kunze ikoko nechinangwa, chekupa Chiedza, vachibuditsa kunze avo vakafanotemerwa kubva kumativi ose kwese-kwese. Uye—uye pazuva guru iroro, tichaona zvino, Chechi yaIshe Jesu Kristu ichadanwa kungu—kunguva huru yekusangana mumhepo, uye tose tichakwira kumusoro kunosangana naYe. Uye ndiri—ndiri kutarisira nguva iyoyu.

Zvino, pane zvakawanda zvinogona kutaurwa!

²⁸ Uye manheru ano, pahusiku hwekupedzisira, hwekuvhara, senguva dzose, munhu wese ari. . . Mushumiro yekunamatira vanorwara, ndinowana, pasi pekutarisira zvinhu zvikuru kuti zviitwe mushumiro yekunamatira vanorwara, izvo zvinovaita kuti vashushikane, kuhuta-huta. Uye zvakare ndinoona, zvimwe chete manheru ano, kuti munhu wose ari pasi pekutarisira kuona kuti. . . Uye manheru ega-ega, zvanga zvakangodaro, pakuzarurwa kweZvisimbiso izvozvo.

²⁹ Zvino ndinoda kunyatsojekesa izvi. Nguva yese, nguva yese yaisvika Zvisimbiso izvi panzvimbo; zvinhu zvose zvandakambotenda pamusoro paZvo, uye nezvandakaverenga zvevamwe vanhu, zvanga zvichipesana nezvakauya kwandiri mukamuri umu.

³⁰ Uye pfungwa dzangu, panguva ino. . . Chikonzero ndava neshumiro iyoyo yekunamatira vanorwara mangwanani ano, nekuti pfungwa dzangu dzemunhu dziri kuenda kure-kure nemafungiro angu. Ndakaedza kugara mu—mukamuri ine zvidzitiro zvakavharwa, nechiedza chakabatidzwa. Rino ndiro zuva rechi 8. Uye handina kana kumbopinda mumota yangu, kuti—kuti ndiende chero kupi zvako.

³¹ Ndakatozoenda nedzimwe hama, zasi kumabhanga, kuti ndisaine zvimwe zvinyorwa nezvimwe, zvemari nezvimwewo zvakanga zvakwereterwa kuitira chechi ino. Asi ini—asi ini ndakabva ndananga ndichidzoka, ndikadzokera chaiko kunonzvera.

³² Uye chinhu chinoshamisa, hapana kuva nemunhu 1 akataura kana chii zvacho. Kana, kazhinji, vanogogodza, nekudhonza, uye vari pose zvapo. Hapana kumbova nechinhu 1. Zvanga zvichishamisa.

³³ Kwandanga ndichidyira, kwaHama Wood. Kazhinji kacho nzvimbo iyoyo inenge yakazara nemotokari. Uye vaive nevanhu 8 kana 10 vakasiyana vaizouya kuzogara navo panguva iyi, zvino hapana kana mumwe wavo akauya.

³⁴ Uye zvakare, mangwanani ano, handife ndakakanganwa mangwanani ano, nyasha dzeMuponesi wedu kumuranda waKe akaneta, akarukutika. Paye, pandapindura mubvunzo wemunwe munhu anonzwise urombo, uye, nepfungwa dzangu

dzakanakisisa, ndichifunga kuti ndaita chinhu chaicho. Zvino, kamwe-kamwe, sekunge ndanga nda—ndanga ndatorera mwana chimwe chinhu, ndapomerwa zvikuru, uye handina kuziva kuti changa chiri chii. Zvino ndafunga, zvichida nekuti ndanga ndiri kuchimbudzika kuti ndiende kushumiro iya yekunamatira vanorwara, pamwe mumwe munhu arwara zvakanyanyisa, uyo anga achifanira kutonamatirwa pakare ipapo. Zvino ndabvunza ungoro. Mumaminitsi mashoma, zvikazarurwa. Mumwe munhu ndokuti, “Mungaverenga chinyorwa chenyu—kuverenga chinyorwa chenyu zvakare here?” kana chimwewo chinhu. Zvino panguva iyoyo, ndabva ndanhonga kapepa kadiki aka ndikakaverenga zvakare, kuti ndione zvakataura. Ndatarisa pasi paMabhuku, uye wanga wakatosiyana zvachose, mubvunzo wandanga ndichipindura. Maona?

³⁵ Regai ndingopfuudzawo izvi kwamuri. Kana cheMweya chichinge chapinda, ndiyo pfungwa yaKristu. Unobva wava kure kwazvo nekufunga kwako pachako, kusvikira, mupfungwa dzako iwe, ini... Izvi, iwe... Handi... Musandiite kuti ndiedze kuzvitsanangura izvi, nekuti handikwanise. Maona? Handaikwanisa kuzviita. Hapana angagona kuzviita.

³⁶ Ko murume uya, anova Eria, akakwanisa kumira sei pamusoro pegomo paya, pasi peHupo hwaMwari, ndokudhonza Moto kubva kudenga, kwozotiwo mvura inonaya shure kweMoto wacho? Zvakare ovhara matenga, uye kukasanaya kwemakore 3 nemwedzi 6, uye odzokerazve chaiko kunodaidza mvura, pazuva rimwe chetero! Uye ari pasi pechizoro ichocho, kuti... Uye akatora vapisita 400 ndokuvauraya; uye ndokuzomhanyira murenje, achichemera hupenyu hwake, nekutyisisidzirwa nemukadzi 1. Maona? Jezebheri, akapika kuti aizotora hupenyu hwake. Apo, Ahabhu navose vakanga vari ipapo, kuti vaone Hupo hwaMwari nechishamiso chikuru chichiitwa. Munooni, wake... Mweya wakanga wabva paari. Nenzira yokufunga kwake kwepanyama, akanga asingazivi kuti ochifunga sei, munooni. Aisakwanisa kuzvifungira pachake.

³⁷ Uye, rangarirai, Mutumwa akamurarisa, ndokumuzorodza. Akamumutsa, akamupa makeke; ndokumudzoserera kunorara, nekumuzorodza; ndokumumutsa, uye akamupa zvakare mamwe makeke. Uye hatizive kuti chii chakaitika kumurume uyu, kwemazuva makumi mana. Zvino akaiswa mubako, pane imwe nzvimbo, Mwari ndokumudana.

³⁸ Usaedze kutsanangura icho cheMweya. Haugone kuzviita. Maona? Chinhu chete chekuita, kungoramba uchipfuurira mberi chaiko. Uye ndinoedza kuti ndizvijekese nepandinogona napo, asi kubva zvino ndicha... Ndinofunga kuti handichambofa ndakazviedza zvakare. Muchangotenda zvemazvirokwazvo, kana kuti kwete. Uye ndiri... Muchaona, nguva pfupi inotevera, kuti sei.

Zvino, ndakaedza kuve ndakatendeseka. Mwari vanozviziva.

³⁹ Uye mubvunzo iwoyo mangwanani ano. Ndanga ndichiedza kuupindura nekungotendeseka kwandinoziva. Ndangoverenga chikamu chekutanga chendima, uye changa chiri. . . zvingadai zvanga zvisiri izvo. Asi Mweya Mutsvene, uchinzwisisa kuti ini. . . pfungwa dzangu. . . Munoono, tarisai, mazuva 2 kana 3 apfuura, zvanga zvichiitika. Munoono, nda—ndakati 700. . . “7,000,” 700. Mangwanani ano, ndanga ndichiedza, uye zvatatwa nevanhu, munoono, uye zvaratidza kuti manga muchitarisa. Zvino, chimwezve, apo pandanga ndichiedza kutaura kuti “njiva,” uye ndikaidaidza kuti gwayana; asi ndabva ndazvibata pakare ipapo. Uye zvekare, pano, chimwe chandisina kubata pane izvozvo, Mweya Mutsvene wabva wadzoka ipapo chaipo ukandiunza kwazviri.

⁴⁰ Ndiko kusimbiswa kwakapetwa kaviri kuti zvinhu izvi ndezvechokwadi. Vari. . . Mwari vari kurinda, kuti vaone kuti ndiZvo. Ndizvozvo chaizvo. Vanoda kudaro. Vanoda kuti muzive kuti Ichokwadi.

⁴¹ Ndivo iVo vari kuZvitumira, nokuti chokwadi zvakanga zvisiri. . . Zvanga zviriwo kwandiri, pakudzidza, sezvazvanga zviri kwamuri. Uye saka tiri. . . Ndinotenda zvikuru nekuda kwe—kwe—kweruzivo, kuziva zvino nezvaShe, nguva yatiri kurarama mairi; munoono, kurarama munguva chaiyo yekupedzisira, Chechi isati yaenda. Zvino kungo. . .

⁴² Tanga tichitaura, saka ngatingokumbirai maropafadzo aVo paShoko zvakare.

⁴³ Baba vedu veKudenga, heuno hwasvika husiku hukuru huya, nguva huru apo chinhu chikuru chaitika. Changa chakakomberedza vanhu vese. Uye, Baba, ndinonamata kuti manheru ano zviziviswe, pasina mumvuri zvawo wekupokana, kumoyo nepfungwa dzevanhu, kuti vagoziva kuti Mwari vachiri paChigaro choushe, uye kuti Vachiri kuda vanhu vaVo.

⁴⁴ Uye inguva, nguva iyo nyika yaishuvira kuti ione, yava kuswera zvino, nekuti iri kuchemera kudzikinurwa. Tinogona kuona zvinhu zvagadzirira kuidzosazve. Tinogona kuona zvinhu zvagadzirira kuunza Chechi muHupo hwaKristu. Tinogona kuona mwe—Mwenga uchitora chimiro, uchipfeka hanzu yemuchato, uchigadzirira. Tinogona kuona mwenje ichivaima—vaima. Tinoziva kuti tava kumagumo.

⁴⁵ Zvino, Baba veKudenga, apo izvi tave kupfuurira mberi zvino kuparidza, kana kudzidzisa pamusoro pechiitiko chikuru ichi, chine simba chakaitika muKubwinya, makore angangoita 2,000 apfuura, uye ndokupihwa kumuapostora mukuru anodikanwa, Johane. Uye manheru ano tichitaura pamusoro paCho. Regai Mweya Mutsvene auye mberi zvino muSimba raWo guru rechizaruro, kuti Ugone kuratidza kwatiri chinhu

ichocho chaUnoda kuti tizive, sezvaWakaita muhusiku hushoma hwapfuura. Tinozvikumikidza kwaMuri, neShoko, muZita raJesu. Amenii.

46 Zvino, sezvo muchida kuvhura, zvichida, mumaBhaibheri enyu. Uye iyi ingori ndima pfupi, ndima 1 yeGwaro. Asi, indima yekupedzisira, inowanikwa . . . Chisimbiso chekupedzisira, waro.

Zvino, manheru apfuura taitaura pamusoro peChisimbiso Chechitanhatu.

47 Chisimbiso Chekutanga, ari antikristu achiziviswa. Nguva yake yakapfuura, uye takaona kuti akabuda sei.

48 Kuti Chipuka chakaziviswa sei, paSimba raMwari rakaenda pamwe nesimba raantikristu, kunorwisana naro! Handitende kuti pangava nemubvunzo mupfungwa dzechero munhu pamusoro pazvo.

49 Zvino tinoona kuti, pakarepo mushure mazvo, zera riya rechechi, Zvipuka zviya zvakaenda.

50 Takapedza, tikaona, takashandura, mufananidzo wacho wose ipapo, hapana Zvipuka zvakazobuda. Maona? Asi, kwaiva kuzivisa, zvichiuya mberi, zvichipinda munguva yeKutambudzika, mushure mekunge Chechi yaenda.

51 Zvinonyatsopindirana zvakakwana chaizvo nemazera echechi! Handione chidodzi 1, chinhu 1 chisina kunyatsopindirana zvakakwana, kunyangwe kumazera nezvose, uye nenguva dzacho. Zvifungei. Zvinoratidza, vanofanirwa kunge vari Mwari vakazviita. Pfungwa dzemunhu hadzaigona kuzvinzwisisa. Uye zvino tinoona kuti izvozvo, zvakare, isu . . .

52 Ishe vakatitendera kutora Gwaro, Gwaro Dzvene, zvakanzi naJesu zvaizoitika. Uye taizombofa takazviwana sei izvozvo? Zvino hepanoi, vouya vozarura, uye vozviunza zviru izvo chaizvoizvo. Mharidzo yaVo ipapo, ichizvipindura, inonyatsoburitsa nyaya yacho nemazvo, 6 zveZvisimbiso izvi, asi Vakasiya Chechinomwe. Maona?

53 Zvino pakazarurwa Zvisimbiso, Mwari, cherechedzai pano, Vakarega kuzarura kunyange chero mucherechedzo upi zvawo weChechinomwe iChi. Maona? Ichakavanzika chakakwana naMwari. Cherechedzai. Zvino tichaverenga muBhaibheri, muchi—Chisimbiso Chechinomwe. Chinowanikwa muna Zvakazarurwa, chitsauko 8.

Wakati azarura chisimbiso chechi 7, kwakava nerunyararo kudenga kunenge sechikamu chehafu yeawa.

54 Uye ndizvo zvega zvatinazvo pachiri. Zvino tichacherechedza.

55 Uye toedza kusatora nguva yakarebesa, nekuti vazhinji venyu vachange vari munzira, zvakadaro, manheru ano, kuenda kumba. Uye ndafunga zvakare, kuva neshumiro yekunamatira vanorwara mangwanani ano, zvaizokuitai kuti muende mangwanani, kuti musazoita zvekumirira. Uye zvino isu . . .

56 Uye neniwo, zvakare, ndinofanira kufamba rwendo kuenda ku—kuTucson, Arizona, kwandinogara. Uye ndiwo musha wangu zvino. Uyezve ndi—ndinoda kudzoka pano, Ishe vachitendera, semuna . . . Mhuri inoda kudzoka kwemazuva mashoma muna Chikumi. Uye, zvino, pamwe ndichasangana nemi mose zasi kuno, pamusangano munguva iyoyo.

57 Shumiro yangu inotevera yakarongwa ndeyekuAlbuquerque, New Mexico. Ndinofunga kuti musu wa 9, 10, 11. Ndichange ndiriko musu weChina neChishanu Chakanaka. Saka, ndanga ndichifanira kuva nawo wose, zvino ndakava nehumble hurongwa kwandaisazokwanisa kuzobudirira pahuri kusvikira nguva iyoyo, saka ndichava neChina manheru neChishanu manheru, kuAlbuquerque, New Mexico.

58 Uyezve—uyezve uno—unotevera, unozivikanwa, uri pedyo, unogona kuitika. Hatizivi zvechokwadi. Uchange uri pamwe neshamwari dzangu dzakanaka, bo—boka re*The Midnight Cry*, uko . . . kumusoro kuSouthern Pines, North Carolina.

59 Uye vari parunhare imo umo zvino, zvinova, vakatumira materegiramu, mashoko, nezvose, uye tichiuya pedyo kudai, kune rimwe boka, paLittle Rock; revanhu veJesus' Name vandakava nemisangano navo, kumusoro kuCow Palace zhizha rapfuura. Vari kuita konivhenisheni yavo kuLittle Rock, Arkansas. Uye vanga vari, kubvira gore rapfuura, vachida kana husiku humwe 1. Kana kuti, vanoda yese zvayo, asi vachange vakagadzirira kunyange husiku 1. Uye saka ndakavaudza, ndisingazive zvekuita chaizvo, ndikati vanogona kuishambadza, “sechinhu chingangoitika.” Vobva vazozvizivisa munguva pfupi inotevera.

60 Vachangobva kufona here? Uh—huh. Zvakanaka. Mati kudii? [Imwe hama inoti, “Hot Springs.”—Mupepeti] Hot Springs, here? Ndanga ndakararika. [“Musu wa 24.”] Musu wa 24 wa . . . [“Chivabvu.”] Chivabvu? [Mumwe munhu anoti, “Musu wa 24 kusvika musu wa 28 waChikumi.”] Musu wa 24 kusvika musu wa 28 waChikumi. Zvino zvaziviswa, “Sezvingangoitika,” ndiko kuti, “kana kuri kuda kwaShe.” Maona? Ndicha . . .

61 Hechi chikonzero ndichifarira kuita zvinhu izvozo. Muchadzidza gare-gare, zvino, munoono. Kana ndikaenda pane imwe nzvimbo, ndinofarira kuisa tsoka dzangu ipapo, ndichiziva kuti Mwari vakati, “Enda ikoko.” Zvino kana muvengi akasimuka chero kupi zvako, ndinoti, “Ndiri pano muZita raIshe Jesu. Chingosuduruka hako shure!” Maona? Maona? Maona? Uye

une—une chokwadi, nepaumire, munoona. PaVanokutuma chero kupi zvako, Vanokuchengetedza. Maona? Asi kana ukaenda, urchingofungidzira, zvino ini handizive; Vanogona kunge vasitoripo. Saka ndi—ndinoda kuva nechokwadi chandinogona kuva nacho. Ndakatora dzakawanda dzaVasina kundiuza kuti nditore, asi ndi—ndinoda kuva nechokwadi nekukwanisa kwese. Ishe vakuropafadzei mose zvino.

⁶² Zvino, zvino tinocherechedza, iyi ichingova ndima 1 chete pano, tinoda kuita chimwe chinhu zvisvishoma—zvisvishoma bedzi tisati tasvika apa. Munoona, tadarikira chitsauko 7. Chitsauko 6 chinopedzisa Chechitanhatu, Chisimbiso Chechitanhatu. Asi, pakati peChisimbiso Chechitanhatu neChisimbiso Chechinomwe, pane chimwe chinhu chinaitika. Maona? Uye zvakananyatsogadzika zvakadii—zvakadii panzvimbo yazvo chaiyo, pakati, pechitsauko 6 ne 7. Zvino cherechedzai muchitsauko 7, tinocherechedza, pakati peChechitanhatu neChechinomwe, pane chikamu chenguva. Chikamu chenguva, pakati, pechitsauko 6 ne 7 cheBhuku raZvakazarurwa, uye ndepakati peChisimbiso Chechitanhatu neChechinomwe panopihwa chikamu chenguva ichi. Zvino tinoda kucherechedza izvi. Zvakakosha zvikuru kuti ticherechedze nguva diki iyi.

⁶³ Zvino rangerirai, mushure mechitsauko 4 chaZvakazarurwa, Chechi inenge yaenda. Mushure mekunge vatasvi 4 vema—mabhiza vabuda, Chechi inenge yaenda. Maona? Zvese zvakaaitika kuChechi, zvakaaitika kusvika pachitsauko 4 cheBhuku raZvakazarurwa. Zvese zvakaaitika mukufamba kwaantikristu, zvakasvika kuchitsauko 4. Uye Chisimbiso Chechina chaZvakazarurwa, zvose zvaantikristu pamwe naKristu, zvakaguma ipapo. Zvino antikristu anouya pakuparadzwa kwake, pamwe nehondo yake; uye Kristu anouya nehondo yaKe.

⁶⁴ Zvino ihondo yekare yakatanga kare-kare, seri kwenguva. Uye vakabva va...Satani nengirozi dzake vakakavirwa kunze, ndokubva vauya panyika. Zvino hondo yakatanga zvakare, nokuti Evha akaputsira pasi ruzhowa kubva paaive akachengeteka, seri kweShoko raMwari. Uye kubva panguva iyoyo chaiyo, Satani akakunda hondo pamusoro peShoko raMwari, nekuti mumwe wevanhu vaKe, asina simba wacho, akaita zinyekenyeke. Uye ndiwo makundiro chaiwo aakaita hondo nguva dzese, zvakava pakuti mumwe wevanhu vaKe akaita zinyekenyeke paShoko.

⁶⁵ Uye zvakaaitwa muzera rino rechechi yekupedzisira, kubudikidza nehurongwa hwemasangano. Apo, chechi yechokwadi, yemazvirokwazvo, tsvene yaMwari mupenyu, ine mutasvi wenhema, yaisazogamuchira Shoko, ndokutendeutsira chechi kubva paShoko kuenda kudzidziso yechinamoto.

⁶⁶ Zvino, vangani vanoziva kuti chechi yeRoma Katorike yakavakirwa padzidziso yechinamoto? Vanozvibvuma here? Zvirokwazvo. Chokwadi. Zvirokwazvo, vanozvibvuma. Handizvo zvoga. MaKatorike, chokwadi, hazvingamborwadza manzwiwo avo nepadiki pese, nekuti vanozviziva. Vakangowedzera imwe itsva, pano kasiri kare, yekuti Maria akamuka kuvakafa. Munozvirangarira, pano makore mashoma apfuura, angangoita makore 10. Vangani vanozvirangarira? Mupepa, imomo. Chokwadi. Maona? Zvese, “dzidziso yechinamoto” itsva. Munoono, zvose idzidziso yechinamoto, kwete Shoko. Maona?

⁶⁷ Mumwe muprisita, pahurukuro yemibvunzo musu uno, akati, “VaBranham,” akati, “Mwari vari muchechi yaVo.”

Ndikati, “Mwari vari muShoko raVo.”

Akati, “Hatisi kufanira kuitirana nharo.”

⁶⁸ Ndikati, “Handisi kuita nharo. Ndiri kungoita chitaurwa. Mwari vari muShoko raVo. Ndizvozvo chaizvo. ‘Ani naani achabvisa chinhu kubva paRiri, kana kuwedzera chimwe chinhu kwaRiri,’ rakadaro Shoko.”

⁶⁹ Akati, “Asika, Mwari vakapa...Kristu akapa Chechi yaKe simba, uye akavaudza: chero chipi chavasunga panyika, chichasungwa Kudenga; uye chero...”

Ndikati, “Ndicho Chokwadi chaicho.”

⁷⁰ Akati, “Tine, pa... pamusoro pepfungwa iyi, kuti tine simba rekusunungura chivi.”

⁷¹ Ini ndikati, “Kana mukazviita nenzira yazvakapihwa nayo kuChechi, uye nenzira yavakazviita nayo, ndinozvigamuchira. Kana mukadaro, pane mvura pano, yeku ‘bhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu,’ munoono, kwete nemumwe munhu achikuudza kuti zvivi zvenyu zvaregererwa.” Maona? Maona? Ndizvo chaizvo.

⁷² Tarisai Petro aine makiyi, paZuva rePentekosti. Rangarirai, ane makiyi avari kutaura nezvawo. Uye va—varume vakati, “Varume hama, tingaiti kuti tiponeswe?”

⁷³ Petro akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu” (kuitira chii?) “kuitira kanganwiwo yezvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nekuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana wenyu, avo vari kure, nevose avo vachazodanwa naIshe Mwari vedu.” Ndizvozvo chaizvo. Saka zvinogadzirisa nyaya yacho zvachose. Zvatopera. Zvakapedza nyaya yacho.

⁷⁴ Zvino, asi, munoono, antikristu akapinda, sezvatakazvifananidzira uye tikazviratidza. Chizaruro chakadini! Ini zvangu, ini zvangu! Uye kufunga, makore ose aya, takazviona zvichikwira kumusoro. Zvino pano ndiyo ZVANJI NAJEHOVHA, yamazvirokwazvo, yakananga.

75 Zvino, uye tinocherechedza chikamu chenguva ichi zvino, pakati, pechitsauko 6 ne 7. Zvino, chitsauko 7 chaZvakazarurwa, hechino chi—chi. . . chinozarura chiiitiko. Hachingori imo muno pasina chikonzero. Hachina kuiswa, pakati peizvi, pasina. Maona? Chiri apa nechinangwa, uye chizaruro chinozarura chimwe chinhu. Cherechedzai kuti chakavanzika sei uye kuti chinopindirana sei pasvomhu muRugwaro! Maona? Chaizvoizvo.

76 Munotenda mumasvomhu aMwari here? Kana usingadaro, zvechokwadi wakararika mune. . . Uchararika zvechokwadi muShoko, kana ukatanga kuisa 4 kana 6, kana—kana chimwe chinhu, chiri kunze kwemashoko emasvomhu ari kufambirana muhurongwa. Zvechokwadi muchiono chako uchava, nemhou ichifura huswa pamusoro pemuti, pane imwe nzvimbo. Zvechokwadi uchapera. Nekuti, Mwari hava. . . Shoko raVo rose rinofamba zvakarara mune—mune—mune masvomhu. Hongu, changamire. Rakakwana, rakanyatsokwana! Hakuna zvimwe zvinyorwa zvakanorwa saRo, saRo, rakanyatsokwana mumasvomhu.

77 Zvino, chi—chitsauko 8 chinongozarura chiiitiko che—chiiitiko cheChisimbiso Chechinomwe, uko kusina chimwe chinhu chakazarurwa, zvino, hapana. Hazvina kuzarurwa muChisimbiso Chechinomwe. . . zvino, hazvinei nechekuita nechitsauko 7 cha—chaZvakazarurwa. Kuzarurwa, kweChisimbiso Chechinomwe, kwakanorara zvachose. Uye kana dai ndaiva nenguva. . . Ndichaedza nzvimbo shoma, kukuratidzai.

78 Nzira yese kudzokera kumashure, kubva kuna Genesi, cheChinomwe ichi chitsau- . . . kana Chisimbiso Chechinomwe ichi chino—chino—chinotaurwa nezvacho. Kubva pakutanga chaipo, muna Genesi, cheChinomwe ichi Chisi- . . .

79 Zvisimbiso izvi zvakanoratsofamba zvichikwira. Hamurangarire here, mangwanani ano, ndichiunza zvinhu izvi? Uye tarisai, manheru ano, ndichizviunza. Uye munoona, kana zvasvika paChisimbiso Chechinomwe ichi, chinobva chamira. [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti] Hongu.

80 Jesu Kristu, mukutaura, pachaKe, akataura nezvenguva yekupedzisira. Uye paAkasvika. . . Akataura Zvisimbiso 6 zvese. PaAkasvika pane cheChinomwe, Akabva amira. Hezvoka izvo, munoona. Chinhu chikuru.

81 Zvino, zvino, tichataura pano zvino nezvechitsauko 7 ichi, kwechinguana, ku—kuita sekuchibatandiza, pakati peChisimbiso Chechitanhatu neChechinomwe. Nekuti, ndizvo zvinhu zvoga zvatinfoanira kuenda kwazviri, iko zvino, ndicho Chechitanhatu. . . pakati peChisimbiso Chechitanhatu neChechinomwe, ndiko kudandwa kweIsraeri.

⁸² Zvino, ndine shamwari zhinji dzakanaka dzeJehovah Witness dzakagara pano, ndizvo chete. . . kana kuti vaimbove. Zvimwe vamwe vavo vachiri veJehovah Witness. Asi nguva dzose vakatora, VaRussell vakadaro, 144,000 ava, kuva Mwenga waKristu wepamweya. Maona? Ivo. . . Hazvisizvo.

⁸³ Hazvinei nechekuita muzera rechechi, zvachose. Ingori Israeri zvamazvirokwazvo. Zvino, tiri kuzoverenga mumaminitsi mashoma. Zvino, chikamu chenguva ichi, pakati peChechitanhatu. . . Zvisimbiso, ndiko kudanwa nekusimbiswa kwemaJudha 144,000, vanodanwa munguva yeKutambudzika, mushure mekunge Chechi yaenda. Maona? Hainei nechekuita nezera rechechi, zvachose. Oo, vanodanwa, uye zvinonyatsoenderana zvakakwana neGwaro. Mavhiki 3 nehafu ekupedzisira aDhanieri, akagoverwa “kuvanhu” vaDhanieri, munoono, kwete Marudzi. Kune “vanhu” vaDhanieri, zvino Dhanieri akanga ari muJudha!

⁸⁴ Zvino cherechedzai, Israeri, Israeri inotenda vaporofita vayo chete, uye, mushure mekunge vasimbiswa.

⁸⁵ Uye hapana zvapo kubudikidza nemuzera rechechi, kubvira muChechi yevaapostora yepakutanga, apo chechi yechiProtestanti yakambova nemuporofita. Ndiudzei kuti aiva ani, zvino muzviratidze kwandiri. Hakuna! Vaiva, muzera rekutanga revaapostora, nemumwe ainzi Agabhasi, aive muporofita akasimbiswa. Asi mu. . . Pakapinda veMarudzi, munhaka yaMwari, zvino Pauro akatendeukira kuMarudzi. Mushure mekunge Petro, sezvatakaverenga manheru apfuura, akagamuchira kubva kunaShe, kuti, “Akanga ari kutora va—vanhu kubva kuMarudzi, veZita raKe, Mwenga waKe,” zvino hakuna kumbobvira kwava, pamapeji enhoroondo, nemuporofita weMarudzi. Zvino chingodzokerai munhoroondo mugoono. Sei? Ndizvozvo, zvaizopesana neShoko. Ndizvozvo.

⁸⁶ Pakabuda chekutanga, yaiva shumba, *vaiva* vaporofita: Shoko.

Chinotevera chakabuda, raiva basa, chibayiro.

Chinotevera chakauya, hwaiva hungwaru hwe—hwemunhu.

⁸⁷ Asi takavimbiswa, muzuva rekupedzisira, kuti izvozvo zvichadzoka kuChechi zvakare, kuitira kutwasanudzwa kwezvose zvakanga zvakatsveyamiswa, zvakapotswa, zvisina kuitwa, zvakasiiwa zvisina kuitwa. Nokuti, zvakafanotaurwa pano kuti Mharidzo yemutumwa wechi 7 yaizopedzisa zvakavanzika zvaMwari. Uye, zvino, takapfuura nemaZviri zvose. Tinoona kuti Zvinonyatsoenderana zvakakwana neGwaro. Ndicho chikonzero.

⁸⁸ Zvino, mungafungidzira here, kana munhu uyu akauya panzvimbo? Paachauya, rangarirai, zvinenge zvakaninipa kwazvo nezvimwe, kusvikira machechi achazvipotsa nekuresa. Uye mungafungidzire here, machechi, achiri pasi petsika

dzevavandudzi, kuti angazombofo akagamuchira muporofita kubva kuna Mwari, uyo aizopikisa zvakasimba dzidziso dzavo nemasangano?

⁸⁹ Zvino, pane munhu 1 anogona kuzvizadzisa, Mweya 1 chete wakambova panyika, wandinoziva nezvawo. Ungava pamwe uri . . . Anotofanira kunge ari Eria, munguva yake. Uye zvakanotaurwa kuti waizova uri, usiri chimwe chinhu kunze kweMweya waKristu.

⁹⁰ Kristu paakauya, Akanga ari huzaro. Akanga ari Muporofita. Akanga ari iye—iye Mwari wevaporofita. Maona? Maona?

⁹¹ Kristu, tarisai kuti vaiMuvenga zvakadii. Asi Akauya nenzira chaiyo yakarehwa neShoko kuti Aizouya. Asi nekuti Akanga ari Muporofita, vakazviisa kure neHumambo hwaMwari nekuda kwekumhura, nekudana Mweya waMwari, wakanga uchinzvera nezvimwe zvakadaro kuti, “mweya wetsvina.” Vakati, “Aive—aive muuki, kana kuti dhimoni,” zvezviri.

⁹² Muuki idhimoni, munoona, mweya wadhiyabhore. Zvirokwazvo. Maizviziva here izvozvo? Zvirokwazvo. Kuuka kutevedzera muporofita, kunova kumhura zvirokwazvo pamberi paMwari.

⁹³ Zvino cherechedzai. Kudanwa, muhumwe hwakakwana naMagwaro, emakore 3 nehafu ekupedzisira aDhanieri.

⁹⁴ Cherechedzai, mutendi waIsraeri—vatendi vanoudzwa chete, muTestamende Yekare, kuti vatende vaporofita vavo mushure mekunge muporofita asimbiswa. “Kana paine mumwe pakati penyu, wemweya kana muporofita, iNi Jehovha waNgu . . . Mwari wenyu Ndichazvizivisa kwaari, uye nekutaura naye muzviratidzo, kubudikidza nemuzviroti, kududzira zviroti.” Mumwe munhu akarota, muporofita achakwanisa kudzidudzira. Uye kana—kana akava nechiratidzo, anochitaura. “Ndichazvizivisa pachaNgu kwaari kubudikidza nezviratidzo nezviroti, ndichazvizivisa pachaNgu. Uye kana zvaataura zvikaitika, zvino inzwai muporofita uyu, nokuti Ndinaye. Kana zvikasadaro, saka musambomutya zvachose.” Hongu. Ndizvozvo. “Ibvai, ingomuregai akadaro, munoona.” Zvino ndizvo . . .

⁹⁵ Zvino, Israeri ichagara ichitenda izvozvo. Uye hamusi kuona here? Nekuda kwei?

Zvino ndinoda kuti mubate chidzidzo ichi zvakanaka, manheru ano, zvino.

⁹⁶ Sei? Nekuti, iyoyo irairo yakabva kuna Mwari, kwavari. Handina basa kuti matirakiti mangani ayo veMarudzi vanogona kuendesa ikoko voaparadzira. Handina basa kuti unopfuura nemuIsraeri zvakadini neBhaibheri muhapwa mako, uchiratidza *izvi, izvo*, kana *zvimwewo*; havambofo vakagamuchira chimwe

chinhu kunze kwemuporofita. Ndizvozvo chaizvo. Nokuti, muprofita ndiye oga anogona kutora Shoko raMwari nekuRiisa panzvimbo yaRo, uye obva ava muporofita akasimbiswa. Vanozozvitenda. Ndizvozvo chaizvo.

⁹⁷ Pandakanga ndichitaura nemuJudha kumusoro kuno kuBenton Harbor, apo John Rhyn uya, aive bofu hupenyu hwake hwese, potse, akagamuchira kuona kwake. Vakandiendesa ikoko, imba yaDhavhidha iya. Zvino mumwe rabhi ndokubuda aine ndebvu dzake refu. Akati, “Wakapa John Rhyn kuona kwake nesimba ripi?”

Ndikati, “MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.”

⁹⁸ Akati, “Hazvingaite kuti Mwari vave neMwanakomana!” Maona? Uye akati, “Imi vanhu hamugoni kucheka Mwari muzvidimbu 3 moMupa kumuJudha. Munoita vanaMwari 3 kubva maVari; muri boka revahedheni!”

⁹⁹ Ndikati, “HandiVadimbure kuita zvidimbu 3.” Ndikati, “Rabhi, chingava chinhu chinoshamisa here kuti imi mutende kuti mumwe wevaporofita venyu akazvitaura . . . chimwe chinhu chisiri icho?”

Akati, “Vaporofita vedu havataure chinhu chisiri icho.”

Ndikati, “Isaya 9:6 yaitaura nezvaAni?”

Akati, “Mesiya.”

¹⁰⁰ Ndikati, “Zvino, Mesiya achava Munhu-Muporofita. Ndizvozvo here?”

Akati, “Hongu, changamire. Ndizvozvo chaizvo.”

¹⁰¹ Ndikati, “Ndiratidzei Jesu paakazvipotsa.” Akati . . . Ndakati, “Hukama rudzii huchava naMesiya-Muporofita kuna Mwari?”

Akati, “Achange ari Mwari.”

Ndikati, “Ndizvozvo. Zvino mava nazvo mumusoro.”

¹⁰² Zvechokwadi chaizvo, muJudha iyeye akamira ipapo nemisodzi ichiyerera kubva pamatama ake, akati, “Ndichazokunzwa pane imwe nguva pamberi apo.”

Ndakati, “Rabhi, munozvitenda here izvozvo?”

¹⁰³ Zvino iye akati, “Tarisa,” akati, “Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahamama vana.” Ndakaziva kuti aive muTestamende Itsva.

Ndikati, “Ndizvozvo, Rabhi! Zvino munoti kudini nazvo?”

¹⁰⁴ Akati, “Kana ndikazviparidza izvozvo, ndinozova zasi uko,” munoziva pane nzvimbo yavo iri pachikomo icho, “zasi uko mumugwagwa, ndichipemha kuti ndiwane chikafu.”

¹⁰⁵ Ndikati, “Ndingasva hangu ndava zasi ikoko ndichipemha chikafu.” MuJudha achine maoko ake pamari, munoziva. Maona? Maona? “Ndingasva hangu . . .” Uye zita rake riri

mugoridhe, pane. . . Ndikati, “Ndingasva hangu ndava zasi uko, ndichidya mabhisikiti ane munyu nekunwa mvura yemukakova, asi ndichiziva kuti ndiri muwirirano naMwari, uye ndiri wechokwadi; pane kuva pano nezita rangu riri pachivakwa icho, riri mumavara egoridhe saizvozvo, uye ndichiziva kuti ndiri kure kwazvo naMwari. Ndinozviziva izvozvo.” Haana kuzoramba achinditeerera zvakare, saka akapinda mukati.

¹⁰⁶ Asi ndizvozvo. Haugone kugura Mwari muzvidimbu 2 kana 3, zvinonzi “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” woita vanaMwari 3 wopa kumuJudha. Murairo waVo chaiwo unoti, “Usava navamwe vamwari kunze kwaNgu. Ndini Jehovha Mwari wako.” Jesu akati kudii? Jesu anoti, “Inzwa iwe, O Israeri, ndiNi Jehovha Mwari wako, Mwari mumwe chete.” Kwete 3; haumbofa wakapa izvozvo kwavari. Kwete. Hapana muporofita achazombofa akataura nezvavanaMwari 3. Kwete. Hakuna. Haumbofa wakanzwa nezvazvo. Kwete, changamire. Ndiko kunamata zvimupunzo nechihedheni sezvo kuri iko kwazvakabva. Hongu, changamire.

¹⁰⁷ Cherechedzai. Asi vaporofita ava vachauya. Kwete izvozvo zvoga. . . Va—vaporofita, zvino, ndiZvakazarurwa 11. Takaverenga zvimwe zvacho. Uye ndinoda kuti muzviverenge pamunenge muchinzvera, pamatepi nezvimwe zvakadaro. Ivo zvamazvirokwazvo vaporofita vakasimbiswa, nechiratidzo chevaporofita. Zvino Israeri ichanzwa izvozvo.

¹⁰⁸ Zvino, kwamuri imi, shamwari dzangu dzeJehovah Witness, nzwisaisai zvino kuti ava, 144,000, havanei nechekuita neMwenga. Hapana kana chidimbu 1 zvacho cheGwara chinozvitsigira. Kwete, changamire. Havasi. MaJudha. Vasanangurwa vakadanwa panguva yemakore 3 nehafu ekupedzisira emavhiki 70 aDhanieri. Zvino ndizvo. . .

¹⁰⁹ Ndi—ndinoramba ndichidzokorora kutaura izvi. Kwete kunyanya kwamuri mose muri pano, asi, munoona, vanhu, matepi aya anoenda kwese-kwese, munoona. Uye munozvanzwisisa izvozvo. Munonzwa ndichidzokorora kutaura. Kuitira chinangwa ichocho.

¹¹⁰ Cherechedzai. Zvino chionai kuti vaifanira zvakadini, kupofomara, munoona here kuti vakatozo. . .? Jesu, kana kuti, Mwari vakatopofomadza maJudha, kuvadzivisa kuti vasaziva Jesu. Dai vakaziva, dai bedzi vakangoziva izvo kuti. . . Vachiona chiratidzo chaAkaita, kana dai vaive padanho ravo chairu, sezvavakanga vari kareko pasi pemurairo Mwari pavaavaraira pamusoro pemuporofita, uye vakaona Jesu achiita izvozvo, vangadai vakati, “Uyu ndiye Mesiya.” Sei zvaiva zvakadaro?

¹¹¹ Avo muzera iroro, vaiva nemazita avo akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana, vaapostora vaKe nevamwe vakadaro, vakazviona uye vakazvicherechedza.

112 Sei vamwe vose vasina? Munoona, vaiva vakapofomadzwa. Havaikwanisa kuzviona. Havatozvione, nazvino. Uye havasi kuzozviona kusvikira yazvarwa serudzi, panguva imwe chete. Izvozvo hazvigone. . .

113 Shoko harigoni kukundika. Rangarirai, Shoko harigone kukundika. Handina basa kuti une kutekenyedzwa kwakawanda zvakadii, uye neizvo zvose zvinoitika, zvakadaro Shoko iroro harikundike. Zvichange zviru chaizvoizvo nenzira yakarehwa naMwari kuti ndizvo. Maona? Zvino, tinocherechedza kuti zvinhu izvi zvinofanira kuitika.

114 Uye ndicho chikonzero vasina kucherechedza Jesu paAkaZviratidza zvakakwana kuti aiva Muporofita.

115 Kunyangwe mudzimai mudiki—mudiki wekare wechiSamaria amire kunze uko patsime. Akanga asati ambopinda muSamaria; Akangokwidza kumusoro, akati Aifanira kuenda nenzira iyoyo, zvino iYe ndokukwirako. Zvino pakanga paine mukadzi mudiki uya. Uye iye, muchinhanho chake, akanga ari muchimiro chiri nani kuti agamuchire Evhangeri kupfuura vaprisita vaya vainamata uye nezvinhu zvezuva iroro. Mudzimai uyu akazviita. Zvirokwazvo. Zvino, maona?

116 Asi, pamberi pekuramba kwavo kwese, zvakadaro mumwe murume vavo wevaremekedzwa vakurusa akabvuma kuti vaiziva kuti Akanga ari Mudzidzisi akatumwa kubva kuna Mwari.

117 Ndaitaura nemumwe wevanachiremba vakanakisisa vari mumatunhu ekumaodzanyemba, muhofisi yake, kasiri kare. Mazvikokota akanaka kwazvo muLouisville, murume mhare chaiye. Zvino ndakati kwaari, ndakati, “Chiremba, ndinoda kukubvunzai mubvunzo.”

Iye akati, “Zvakanaka.”

118 Ndikati, “Ndacherechedza chiratidzo chenyu chekurapa, tsvimbo iyo. Mune nyoka yakamonera padanda. Zvinomirirei izvozvo?”

Akati, “Handizive ini.”

119 Ini ndikati, “Zvinomiririra izvi: waive mucherechedzo wekupodza kwaMwari, apo Mosesi akasimudza nyoka yendarira murenje, munoona, waiva mucherechedzo bedzi, mucherechedzo bedzi waKristu wechokwadi.”

120 Zvino, nhasi, zvekurapa mucherechedzo wekupodza kwaMwari. Uye kunyangwe vazhinji vavo vasingazvitende, vanachiremba vakanaka chaivo vanozvitenda. Asi vamwe vavo havazvitendi. Asi chiratidzo chacho chaicho chavanosimudza chinopupurira kuSimba raMwari Samasimba, vangave vachida kuzvitenda kana kuti kwete. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

Heyo nyoka yendarira yakaturikwa padanda, pachiratidzo chekurapa.

121 Zvino cherechedzai maJudha aya. Zvino, makwande ehupofu aiva pameso evanhu ava. Ivo, hapana zvavaigona kuita nezvazvo; akanga aripo, uye Mwari vakaaisa ipapo. Uye ari ipapo kusvikira zera ravakavimbiswa, vaporofita ava vari kuuya. Unogona kutumira mamishinari, unogona kuita chero chaunoda kuita; Israeri haisi kuzombotendeutsa kusvikira vaporofita ava vauya panzvimbo, uye zvichava mushure meKubvutwa kweChechi yeMarudzi.

122 Sezvaingova zera renzombe raisakwanisa kugamuchira kudana kweshumba, nekuti Mwari vakataura muShoko raVo kuti Mweya wenzombe wakabuda. Uye muzera revavandudzi, munhu akabuda. Maona? Unongo...

123 Ndicho chinhu choga iwe...vanogona kugamuchira. Ndizvo...Uye, imomo zvino, vakapofomadzwa. Ndizvo zvoga zvazvinotongova. Zvino cherechedzai.

124 Asi nguva iri kuuya apo veMarudzi vachapedzwa navo. Pane muti, uye midzi yacho yaiva yechiJudha, zvino wakatemwa; uye weMurudzi akapfekedzerwapo, “muti wemuorivhi, wemusango,” uye uri kubereka zvibereko zvawo. Zvino, kana Mwenga uya weMarudzi wagurwa, muti weMwenga uya wandakataura nezvawo, uye watorwa kumusoro muHupo hwaMwari; Mwari vachatsvaira veMarudzi vasingatende, nechekuno kurutivi (mhandara yakarara), uye vopfekedzera zvakare. Vakavimbisa kuzviita.

125 Uye kusvika panguva iyoyo, iwe unotongofanirwa kuziva kwauri...Kana uchiziva kwauri kuenda, saka, zvakanaka. Kana usingazive, manje, uri kugumburwa uri murima.

126 Zvino, ndipo pachatendeutsa maJudha, munguva yezera iroro. Zvino, sezera rechechi, riri pasi pesimba revimbiso yakazodzwa, vachagamuchira Kristu; asi, zvino, kwete apo veMarudzi vachirimo. Zvino tinogona kuona kuti imhando ipi yemharidzo iyo vaporofita 2 ava, vemuna Zvakazarurwa chitsauko 11, vachaparidza. Zvino munogona kuoona zvakajeka chaizvo zvavari kuzoita. Nekuti, vakasara, kana kuti 144,000, vakafanotemerwa, vanogamuchira Chisimbiso chaMwari.

127 Ngatingoverengai. Zvino nyatsoteereresai zvino. Zvino ndinoda kuti muverenge pamwe neni, kana muchikwanisa, nekuti ndichazotaura nezveizvi muchinguva chiduku, chitsauko 7, zvino, izvi pakati peChisimbiso Chechitanhatu neChechinomwe.

...*shure* kwezvinnhu izvi—*shure* kwezvinnhu izvi
(Zvisimbiso izvi)...

128 Chisimbiso Chechitanhatu chakatupfunurwa, uye ndiyo nguva yeKutambudzika. Munhu wose ari kuzvinzwisisa

here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Chisimbiso Chechitanhatu chakatupfunurwa, uye nguva yeKutambudzika ikabva yatanga. Shure kwezvi, chii?

. . . *shure kwezvinhu izvi ndakaona vatumwa 4 vamire kumativi 4 enyika, vakabata mhengo 4 dzenyika, kuti irege kuvhuvhuta panyika, kana pagungwa, kana pamuti chero upi zvawo. (Vatumwa Vana!)*

Ipapo ndakaona mumwe mutumwa achikwira achibva kumabvazwa, aine chisimbiso chaMwari mupenyu: zvino akadana nezwi guru kuvatumwa 4, vaya vakanga vapiwa simba kuti vakuvadze gungwa, nyika. . . gungwa,

Achiti, Musakuvadza nyika, kana gungwa, kana miti, kusvikira taisa chisimbiso pavaranda . . .

129 Kwete Mwenga. “Varanda.” Kwete vanakomana. “Varanda.” Israeri yagara iri varanda vaMwari. Chechi ndiyo vanakomana, munoono, nekuzvarwa. Israeri muranda waVo. Tarisai, nzvimbo dzese, zvakagara zvakadaro. Abrahama aiva muranda waVo. Isu hatisi varanda. Tiri vana, vanakomana nevanasikana. Hongu.

. . . *chava . . . chaMwari* wedu pahuma dzavo.

130 Zvino tarisai.

. . . *Mwari* wedu pahuma dzavo.

Zvino ndakanzwa kuwanda kwevakaiswa chisimbiso: . . .

131 Zvino ndinoda kuti munyatsoteerera kuverengwa kwavo.

. . . *vane 144,000 vakaiswa chisimbiso vemarudzi ose avana vaIsraeri.*

132 Anonyatsovadoma nemazita zvakakwana. Zvino, kana zvikaitika kuti pane munzveri muIsraeri wechiBritish agere pano, teerera kuti izvi zvinovishaisa maturo zvakadii, munoono.

Verudzi rwaJudha vakaiswa chisimbiso 12,000. (Vanonzi, “rudzi.”) Verudzi rwaRubheni vakaiswa chisimbiso 12,000. Verudzi rwaGadhi . . . 12,000.

133 Tarisai enyu—tarisai marudzi enyu zvino.

Uye verudzi rwaAseri vakaiswa chisimbiso 12,000. . . rudzi rwaNafutarimi vakaiswa chisimbiso 12,000. . . rudzi rwa—rwaManase . . . 12,000.

Uye rudzi rwaSimioni . . . vakaiswa chisimbiso 12,000. Verudzi rwa—rwaRevhi vakaiswa chisimbiso 12,000. Verudzi rwaIsakari . . . 12,000. (Isakari, ndinodaira kuti munotaura muchidaro.) . . . 12,000.

...*rudzi rwaZabhuroni...12,000. Uye rudzi rwaJosefa vakaiswa chisimbiso 12,000. Vose ve... Verudzi rwaBhenjamini vakaiswa chisimbiso 12,000.*

134 Zvino, pane marudzi 12, 12,000 kubva murudzi rumwe. 12 yakapetwa ka 12...inotipei? [Ungano inoti, "144,000."—Mupepeti] 144,000. Zvino tarisai. Ivava vose, vaiva, vemarudzi eIsraeri.

135 Zvino tarisai, "Mushure meizvi..." Zvino herino rimwe boka richiuya. Zvino, Mwenga waenda, tinoviziva izvozvo. Asi tarisai boka iri richiuya.

Shure kwezvizvi ndakatarira, uye, ndikaona, vazhinjizhinji, vasingagoni kuverengwa nomunhu, vakabva kundudzi dzose, ...marudzi, navanhu, nendimi, vamire pamberi pechigaro choushe, napamberi peGwayana, vakapfeka nguwo chena, vakabata michindwe muruoko rwavo;

Uye vakadanidzira nezwi guru, vachiti, Ruponeso ngaruve kuna Mwari wedu anogara pachigaro choushe, nokuGwayana.

Zvino marudzi ose...vakamira vakakomba chigaro choushe, nepane mukuru nezvipuka 4, vakawira pasi nechiso pamberi pechigaro choushe, uye vakanamata Mwari,

Vachiti, Amen: Maropafadzo, ...kubwinya, ...huchenjeri, ...kuvonga, ...kukudzwa, ...simba, ...kukura, ngazvive kuna Mwari wedu nokusingaperi. Amen.

Zvino mumwe wevakuru...

136 Zvino ari pamberi pevakuru pano. Sezvo, zvatakamuona, kubudikidza nemuZvisimbiso zvose.

Zvino mumwe wavakuru akapindura, achiti kwandiri, Ava ndivanaaniko...

137 Zvino, Johane, ari muJudha, akacherechedza vanhu vekwake. Akavaona muchimiro cherudzi. Ndizvo here? Akacherechedza uye akadana rumwe nerumwe rwemarudzi.

138 Asi zvino, paanoona ava, anoita sekuvhiringidzika. Zvino mukuru anozviziva, saka ndokuti:

...Ava vakapfeka nguwo chena ndivanaani? uye vanobvepi?

139 Johane, achipindura zvino:

Zvino ndikati kwaari, Changamire, ndimi munoziva.

140 Johane akanga asingavazive, munoona; dzose ndudzi, ndimi, nemarudzi.

. . . Zvino akati kwandiri, *Ava* ndivo— akati kwandiri, *Ava* ndivo vaya vakabuda kubva *mukutambudzika kukuru*, (nemamwe mashoko, *Kutambudzika kukuru*), uye *vakasuka nguo dzavo*, . . . vakadziita chena *muropa reGwayana*.

*Naizvo*zvo vari *pamberi pechigaro choushe chaMwari*, uye *vanomushumira masikati neusiku mutemberi yake*: uye ivo . . . iye anogara *pachigaro choushe* achagara pakati pavo.

Havachazoyi nenzara zvachose, uye *havachazova nenyota*; kunyangwe *nezuva* haringavheneke pavari— *zuva* haringavheneke pavari, kana *nokumwewo kupisa*.

Nekuti Gwayana riri pakati pechigaro choushe richavapa zvekudya, uye *richavatungamirira* kuzvitubu zvipenyu *zvemvura*: uye *Mwari achapisika* . . . *misodzi yose* kubva *pameso avo*.

141 Zvino tinovhura chi . . . tosvika kuChisimbiso.

Macherechedza here, vaiva . . . Kutanga, tinotanga zvino, Israeri.

142 Uye zvakare tinoona chechi yakanatswa, kwete Mwenga; chechi yakanatswa, kubudikidza neKutambudzika, munoona, munoona, ichiuya kumusoro kuno, nhamba huru yemoyo yakaperera chaizvo yakabuda kubva mu—muKutambudzika kukuru. Kwete Chechi; Yakatoenda, Mwenga. Heyo chechi.

143 Zvino tinoona kuti, mushure mechinguva, Jesu akati Chigaro cheushe chaizomiswa, uye kuti . . . vaizomira mukutongwa, mumwe nemumwe.

144 Zvino, tinoona zvino kuti vanhu ava vaive vakasimbiswa neChisimbiso chaMwari mupenyu (ndizvo here?), maJudha aya. Chisimbiso chaMwari mupenyu chii?

145 Zvino, handisi kudana, kurwadzisa chero manzwiwo api zvawo. Ndiri kungotaura, munoona. Munoziva here, kuti, kuverenga uchitevera zvezhinji vevadzidzi vanonyora pamusoro peizvi, vanotaura kuti boka iri pano, rakasukwa neropa, ndiwo Mwenga chaiwo?

146 Munoziva here kuti vadzidzi vakawanda vanotiwo zvakare 144,000 ndiwo Mwenga? Chaka . . . Pane chimwe chinhu chinofanira kukwana pano, zvisizvo . . . chaizvo imo muno, nekuti pane chakakanganisika zvino.

147 Cherechedzai, hama dzedu dzechidzidzi dzinotaura, kuti, “Chisimbiso chaMwari, kuchengeta zuva resabata.” Munozviva izvo. Asi ndinoda kachimedu 1 keGwaro pazviri, kuratidza kuti sabata, kana kuchengeta zuva resabata, ndicho Chisimbiso chaMwari. Maona? Angori mumwe munhu akaunza pfungwa iyoyo.

148 Asi kana mukaverenga VaEfeso 4:30, inoti, “Musagomeresa Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira zuva iro imi. . . rerudzikinuro rwenyu,” hongu, changamire, kana basa rekureverera raitwa, uye mauya; Kristu anouya kuzodzikinura vaKe Omene. Wakaiswa chisimbiso; kwete kusvika parumutsiro rwunotevera. Kana watongoiswa chisimbiso neMweya Mutsvene, ibasa rakatopera, rekuti Mwari vakugamuchira, uye hapana kutiza uchibva pazviri.

149 Unoti, “Zvakanaka, ndakanga ndiinaWo, ndokubva ndaenda.” Kwete, wa—wakanga usinaWo.

150 Mwari vakati Unopfuurira mberi kunosvika paZuva reRudzikinuro. Zvino, uh-huh, ingokakavadzana naVo, uye ugoona zvazvimoreva. “Kusvikira Zuva reRudzikinuro rwako.”

151 Cherechedzai. Sezvapaive. . . Sezvo vakanga vari vakasara maererano nekusanangurwa, maJudha aya zvino ndivo vakasara maringe nekusanangurwa. Mumazuva eshumiro yaEria yekutanga kumaJudha, apo vatendi 7,000 vaive vakachengetedzwa noruoko rwaMwari, zvino panewo munguva ino yevakasara, vari kuuya kunguva yavo, kuti vave 144,000 maringe nekusanangurwa. Kuti, Mharidzo panguva iyoyo, kutenda Mharidzo, vari 144,000.

152 Zvino, unoti, “Oo, zvino chimbomirai zvishoma, hama, handizive pamusoro penyaya ‘yekusanangurwa’ iyi. Manje, handina kumbozviverenga ipapo.”

153 Zvakanaka, zvino ngationei kuti ndizvo here, kana kuti kwete. Ngativhurei tichidzokera kuna Mateo, todzika zasi apa toona kuti hatingangani here chimwe chinhu chiduku pane izvi pane imwe nzvimbo. Ndinotenda zvino kuti ndiri muchokwadi. Handina kuzvinyora pazasi apa, asi zvangouya mupfungwa dzangu. Ngatitorei, kumagumo, ndima 30; kwatakaenda manheru apfuura, kumagumo kweChisimbiso Chechitanhatu, pandima 30. Zvino ngatizviverengei uye tione zvino kwatinosvika, ndima 31. Maona? “Vachaona Mwanakomana wemunhu achiuya mukubwinya.” Zvino ndima 31.

Zvino achatuma vatumwa vake nekurira kukuru kwehwamanda, uye vachaunganidza pamwe chete vasanangurwa vake kubva kumhepo 4, kubva kurutivi rumwe rwedenga kusvikira kune rumwe.

154 “Vasanangurwa” vachabuda. Chii ichocho? Uye nguva yeKutambudzika. Mwari vachadana vasanangurwa vaVo, uye ndiwo maJudha panguva iyoyo, vasanangurwa. Bhaibheri rinotaura nezvazvo. Pauro anotaura nezvazvo, “Maringe nekusanangurwa.” Pachave 144,000 maringe nekusanangurwa, vachatenda Mharidzo, kubva mumamiriyoni chaiwo achange aripo.

155 Kwaive nemamiriyoni muParestina, pamazuva echiporofita chaEria, uye 7,000 vakaponeswa kubva mumamiriyoni.

156 Zvino, “maringe nekusanangurwa.” Uko, mamiriyoni emaJudha ari kuungana munyika yekumusha. Yakava rudzi. Muchange muine mamiriyoni imomo, asi 144,000 chete “vakasanangurwa” vachatorwa. Vachanzwa Mharidzo.

157 Ndizvo zvimwe chetezvo muChechi yeMarudzi. Kune Mwenga, uye Akasanangurwa. “Uye achadanwa maringe nekusanangura.” Cherechedzai, zvose izvi zvinofananidzira Chechi, zvakakwana, vatendi vakasanangurwa.

158 Vamwe havatendi. Unogona kungozviona. Ukaudza munhu Chokwadi, uye wozviita kuti zviratidzwe neShoko, uyezve zvosimbiswa; iye oti, “HandiZvitende.” Unogogona ku. . .

159 Usarambe uchiita zvekutambisa nguva nazvo zvakare. Jesu akati tisadaro. Akati, “Zvakangofanana nokukanda maparera pamberi penguruve.” Maona? Akati, “Ingovasiyai vakadaro. Vanotendeuka vogokutsika-tsikai pasi petsoka dzavo. Vanoita dambe newe. Chingofamba uchienda vovasiya. ‘Kana bofu rikatungamirira bofu. . .’”

160 Ndakaenda kune mumwe murume, kasiri kare, kana kuti, akauya kwandiri, waro. Akange achikakavara, kwakapoteredza, kwese-kwese, achipikisa kupodza kwaMwari. Zvino akauya, ndokuti, “Handitende mukupodza kwako uku kwaMwari.”

161 Ndikati, “Kwangu, ndinodaira kuti, hakuna zvakunganakira, nekuti handina.” Zvino iye. . .Ndikati, “Asi kwaMwari kwakakwana.”

Akati, “Hakuna chinhu chakadaro.”

162 Ndikati, “Wakanonoka kutaura izvozvo, shamwari. Hongu, wakato—wakatozvimirira kwenguva yakarebesa. Unogona kunge wakakavara, makore mashoma apfuura, asi pava nerimwe zera zvino. Kune mamiriyoni anopupura, unoona.” Ndikati, “Waka—wakanonokesa zvino, muchinda, kutaura izvozvo.”

163 Akati, akati, “Asika, ini handizvitende; handina basa kuti unoitei.”

Ndikati, “Zvirokwazvo kwete. Haukwandise.” Maona?

164 Akati, “Ndirove nehupofu!” Akati, “Kana uine Mweya Mutsvene zvechokwadi, saPauro,” akati, “ndirove nehupofu.”

165 Ndikati, “Ko ndingagozviita chirudzii iwe utori bofu kare?” Ndikati, “Baba vako vakakupofomadza kuChokwadi.” Ndikati, “Iwe, utori bofu nechekare.”

166 Uye akati, “Handimbotendi; handina basa nezvaungaite, kana kuti humbowo hwakadii hwaunogona kuratidza, kana chero chii chakadaro. Zvakangodaro handizvitende.”

167 Ndikati, “Zvirokwazvo. Zvakanga zvisiri zvevasingatendi. Zvaiva zvevatendi chete. Ndizvozvo.” Maona?

168 Chaiva chii? Munoono, munoziva ipapo chaipo kuti, kusanangurwa hakupo. Usangoite zvekuita dambe nazvo, zvachose. Jesu akaita zvimwe chetezvo, Akati, “Varegei vakadaro. Kana bofu rikatangamirira bofu, havangawiri vese here mugomba?”

169 Asi paAkauya kune kamwe kachipfeve kadiki, [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] kakatungira moto! Chaiva chii? Yaiva mbeu yakasanangurwa igere imomo, munoono, yakaZviona pakare ipapo. PaZvakauya kuna Petro, paiva nembeu yakasanangurwa yakanga igere ipapo, munoono, uye vakaZviona. “Uye vose avo Baba vavakapa, vavaka” (nguva yakapfuura) “vavakaNdipa, vachauya. Vachauya kwaNdiri.” Oo, ini zvangu! Ndinozvida izvozvo! Hongu, changamire. Cherechedzai, vatendi vanotoZvitenda.

170 Vasingatendi havakwanise kuZvitenda. Saka, zvino, kana paine anoda kuita nharo pamusoro pembeu yenyoka nezvimwe, uye woedza kuvaratidza, havaZviteerere; ingofamba uchibvapo. Ingovasiya vakadaro. Munoono, Mwari havakakavare, kana nevana vaVowo zvakare.

171 Cherechedzai, maJudha 144,000 aMwari akasanangurwa haapfugamire chikara, zvevasanganano zvake, kana zvimupunzo, kana chero chii zvacho, kunyange nyika yavo iri musungano nacho panguva iyoyo. Israeri iri musungano, asi hevano 144,000 vasiri kuzoviita. Ndivo vasanangurwa.

172 Ndizvo zvimwe chetezvo pano chaipo muChechi yeMarudzi zvino, iboka rakasanangurwa. Iwe haugone kuvadhonzera mumhando yezvinhu vakadaro. Havambozvitenda. Kwete, changamire. Chiedza pachakangovarova, zvakabva zvaringana ipapo chaipo. Vanoona...kuzviona zvichiitika, vozozviona zvichisimbiswa uye zvichiratidzwa saizvozvo. Uye vanotarisa zasi muno muBhaibheri, voona Shoko iroro richingoenda. Zvino, iwe chitongo—iwe chitongosiya hako zvekuita dambe navo, nekuti vanoZvitenda. Ndizvo zvoga. Ndizvo zvoga. Kunyangwe vasingakwanisi kuZvitsanangura, asi vanoziva kuti vanaZvo. Saka, sezvandinotaura, pane zvinhu zvakanakawanda zvandisingagoni kutsanangura, asi ndi—ndinoziva kuti ndezvemazvirokwazvo zvisinei. Uh-huh. Zvakanaka.

173 Nguva iyi yaive pakati peChisimbiso Chechitanhatu neChechinomwe, iyo Vanodana vanhu ava, zvakanakaurwa naJesu muna Mateo chitsauko 24 nendima 31, zvatichangobva kuverenga, munoono. Hwamanda pano, zvapupu 2 zva... Kana hwamanda yarira, ihwamanda yezvapupu 2 zvezera renyasha remaJudha. Kurira kumwe kwehwamanda, cherechedzai, kurira kumwe kwehwamanda. Akati aizoridza hwamanda. Zvino cherechedzai pano, pa 31.

Zvino achatumira *vatumwa vake* (kwete 1, munoon; pane 2 vavo) nekurira kukuru *kwehwamanda*, . . .

174 Chii ichocho? Kana Mwari vagadzirira kutaura, pane kurira *kwehwamanda*. Ndiro ragara riri Izwi raVo. Riri kudanira kuhondo, munoon. Mwari vanotaura. Ngirozi idzi dzichabuda nokurira *kwehwamanda*.

175 Uye makacherechedza here, paMharidzo yengirozi yekupedzisira, *hwamanda inorira*. Mharidzo yemutumwa wekutanga, *hwamanda inorira*; yengirozi yechipiri, *hwamanda yakarira*, paVakaituma. Cherechedzai, asi Zvisimbiso pazvakaziviswa, zvose zvakanga zviru muchinhu chimwe chikuru, chaMwari, chekudana boka revanhu; pakava nekurira kumwe *kwehwamanda*, zvino Zvisimbiso Zvinomwe ndokuparurwa.

176 Cherechedzai, “Kuunganidza maJudha aKe akasanangurwa kubva kumativi 4 ematenga.”

177 Akataura nezveZvisimbiso 6, sezvataona, asi kwete Chisimbiso Chechinomwe. Haana kumbotaura chinhu muno umu pamusoro peChisimbiso Chechinomwe, chero papi zvapo.

178 Munoon, pakarepo, ndima 32, inotendeukira kumifananidzo, yenguva yekudanwa kwemaJudha akasanangurwa. Zvino tarisai pano, munoon.

179 “Zvino Achatuma *vatumwa nehwa* *manda*, uye vounanganidza Vasanangurwa kubva kumativi 4 edenga.” Zvino Anotanga. . .

180 Munoon, hapana chaAnotaura pamusoro peChisimbiso Chechinomwe pano. Maona? Akataura pamusoro peChisimbiso Chechitanhatu; Chekutanga, Chechipiri, Chechitatu, Chechina, Chechishanu, neChechitanhatu.

181 Asi cherechedzai:

Zvino dzidzai mufananidzo wemuonde; Kana matavi awo achiri manyoro, uye achitungira mashizha, uye munoziva kuti zhizha rava pedyo:

Saizvozvowo, nemiwo kana moon zvinhu zvose izvi, zivai kuti ava pedyo, kunyangwe pamukova.

182 Iwo wekupedzisira, mubvunzo iwoyo wavakaMubvunza, “Uye ndechipi chichava chiratidzo chekuguma kwenyika?”

183 “Pamunoon maJudha aya. . . Pamunoon zvimwe zvinhu izvi zvichiitika, munoziva zviru kuitika. Zvino, pamunoon maJudha aya. . .” Achitaura kumaJudha! Zvino tarisai. Iboka ripi raAri kutaura naro, Marudzi? MaJudha! MaJudha! Maona?

184 Zvino Akati, “Muchavengwa nendudzi dzose nekuda kweZita raNgu,” nezvimwe zvakadaro, saizvozvo.

185 Zvino, “Kana,” Akati, “mukaona maJudha aya otanga kutungira mabukira awo mhiri uko,” Israeri iyoyo painotanga kudzokera, ichipinda munyika yayo. Kana yasvika ikoko,

(Chechi yagadzirira Kubvutwa), kunenge kwasara makore 3 nehafu chete kuti nyika yekare igume, zvino inoenda ichinopinda munyonganyonga, zvino kochizouya Mireniyamu, kunyika itsva—itsva. Akati, “Kunyange pamukova!” Zvino, makore 1,000 panyika izuva 1 chete naMwari. Zvino makore 3 nehafu, angasvika pakuva chii? Masekondi akati kuti, munguva yaMwari. Ndicho chikonzero Akati, “Iri pamukova.”

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuti, Chizvarwa ichi hachingatongoparadzwi, kupedzwa nezvacho, vanhu ava, *kusvikira* zvinhu *zvose* izvi *zvave* . . .

186 Chii, chii chisingazopedzwi nezvacho? Vakaedza kuuraya muJudha, kubva panyika, nguva dzose. Havazombokwanisa kuzviita.

187 Asi cherechedzai. Chizvarwa chaicho chemaJudha chakaona kudzoka, kudzokera muParestina, chizvarwa ichocho chaizoonza zvinhu izvi zvichiitika. Manje makore 2 chete aya achangopfuura, yanga yatova nyika zvizere, iine mari yayo pachayo nezvimwewo. Heyoka iyo.

188 Zvino tave papi, shamwari? Zvisimbiso nezvose zvichizaruka; zvino tave kuwana izvi zviri pakati pano. Hezvoka izvo. Munoonza here patigere?

189 Ndinovimba kuti munoZvibata. Handina kana dzidzo. Ndinoziva zvandiri kutaura nezvazvo, asi pamwe handikwanise kutsanangura—kuZvitsanangura, kuti zvireve chinhu kwamuri. Asi ndinovimba kuti Mwari vanotora Mashoko akavhengana, voapatsanura zvakanaka chaizvo, munoonza, uye vokuitali kuti muzive zvaZviri. Nekuti, zviri, tave pamukova. Tiri pano panguva yacho. Zvino cherechedzai.

190 Munoonza, pakarepo zvino, Anotendeukira kumaJudha aya, uye pa—panguva yekupedzisira. Anotaura zvichazoitika. Tinoziva kunyange izvozvo zvino . . . Tinoziva, tiri kunyatsoziva, kuti marudzi aya akapararira. Anga akadaro, kwemakore 2,500. Vakaporofitwa kuti vaizoparadzirwa kumhepo 4. Maizviziva here? Tinozviziva.

191 Hongu, hatizofanirwe kunge tichidzokera uye tonotora, tonhonga izvozvo, nekuti ndine chimwe chinhu pano chinokosha kwazvo chandinoda kuti muone, musati manyanya kuneta, uye ini ndisati ndaparara.

192 Cherechedzai. Tinoziva, kunyangwe rudzi rwega-rwega, uchironda dzinza rerudzi, kana chero chamunoda kuzvidaidza, kana nzvimbo, kana nzvimbo dzemarudzi, hadzisisiri pamwe chete. Vakapararira, kwese-kwese.

193 MaJudha, vari kuungana muJerusarema, havasi . . . Havatombozivi marudzi avo. Havachisina zvachose mireza yemarudzi kana chii zvacho. Zvavanongoziva chete, zvino,

ndezevzekuti ivo maJudha. Vakaporofitwa kuva saizvozvo, pasi rose. Zvino, mabhuku avo akaparadzwa. Havazive.

Unoti, “Unobva kurudzi rwupi?”

“Handizive.”

“Rudzi rwupi?”

“Handizive.”

¹⁹⁴ Mumwe anobva kwaBhenjamini, mumwe achibva kune *urwu*, uye mumwe kune *urwo*. Havazive kuti vanobva kune rwupi rwacho. Mabhuku avo akaparadzwa, kuburikidza nehondo, uye kwemakore 2,500. Chinhu chega chavanoziva, ndechekuti ivo maJudha. Ndizvo zvega. Saka, vanoziva kuti vakadzoka kunyika yekumusha kwavo. Ivo hazvo... Cherechedzai, kunyangwe vasingazive marudzi avo, asi Mwari vanoziva.

¹⁹⁵ Ndinongozvida izvozvo! Munoziva, Akatotaura kuti kune... “Bvudzi rega-rega remusoro wako rakaverengwa.” Hum! Cherechedzai, hapana chaVanorasikirwa nacho. “Ndicharimutsa zvakare pazuva rekupedzisira.”

¹⁹⁶ Kunyangwe vakarasikirwa nemireza yemarudzi avo—avo—avo, uye kuti uyu ndewekwaani, uye kana vari *veurwu* kana *urwo*; havazive kana vari vekwaBhenjamini, kana kuti vekwaRubheni, kana—kana Isakari, kana kwavanobva. Asi, zvisinei hazvo, Mwari vanovadana pano.

¹⁹⁷ Zvino cherechedzai, muna Zvakazarurwa 7, tinoverenga izvi. “12,000” kubva murudzi rwoga-rwoga, yeavo vakasanangurwa, kubva kune rwose zvaro. Kune 12,000 kubva murudzi rwoga-rwoga, vakasanangurwa, uye vagere pano chaipo muhurongwa. Oo, ini zvangu! Vambori chii? Vari muhurongwa hwemarudzi. Asi, havasi pari zvino, asi vachazova. Vari muhurongwa hwemarudzi. Chii chichava muhurongwa hwemarudzi? Kwete muJudhawa zvake, kwete. Asi avo vakasanangurwa, 144,000, vachaiswa muhurongwa hwemarudzi. Oo, ini zvangu!

¹⁹⁸ Ndingada sei kukuratidzai! Hatisi kuzopinda mazviri. Asi ndizvo chaizvo zvinofanira kuva Chechi, uh-huh, iri chaimo muhurongwa.

¹⁹⁹ Zvino ndinoda kuti munyatsotarisisa uye muverenge neni, kwechinguvana. Zvino hechino chimwe chinhu zvichida chamusina kumbocherechedza muku—kudanwa kwemarudzi. Ndakuudzai, nguva yapfuura, kuti muverenge Zvakazarurwa 7. Verengai pamwe neni, zvino motarisa marudzi aya. Muna Zvakazarurwa 7, Dhani naEfuremu havapo uye havaverengwe pamwe navo. Mazvicherechedza here? Josefa naRevhi vakatsiva nzvimbo yavo. Mazvicherechedza here? Dhani naEfuremu havapo. Kwete, changamire. Asi, Josefa naRevhi vakatsiva nzvimbo ya—ya—yaDhani naEfuremu.

200 Sei? Ivo. . . Mwari vanorangarira nguva dzose vanorangarira vimbiso yese yeShoko raVo. Oo, ndinoda kuparidza pamusoro paizvozvo. Maona? Mwari havakanganwe chinhu, kunyange zvichiita sekudaro.

201 SezvaVakaudza Mosesi. Israeri yakanga iri zasi uko, “makore 400.” Asi vaifanira kuenda kumusoro panguva iyoyo. Vakaudza Abrahamama kuti, “Zvino mbeu yake ichagara semweni munyika yevatorwa kwemakore 400, zvino Vaizovabuditsa neruoko rwune simba.” Asiwo Vakati kuna Mosesi, “Ndarangarira vimbiso yaNgu, uye Ndaburuka kuzozadzisa zvaNdakataura.”

202 Mwari havakanganwe. Havakanganwe zvituko zvaVo, uyewo haVakanganwe maropafadzo aVo. Asi, vimbiso yese yaVakaita, Vanogara nayo.

203 Hechino chikonzero sei vanga vasipo, zvino, kana mukatarisa. Zvino verengai. Ndinoda kuti muverenge neni zvino. Endai kuna Deuteronomio, 20- . . . mundima 29 imomo, kana kuti chitsauko 29, waro. Pane chikonzero chekuti marudzi aya ange asipo. Chinhu chese chine chikonzero chacho. Deuteronomio, tinoda kutora chi—chitsauko 29 chaDeuteronomio. Zvino, Ishe vatibatsire, kuti tinzwisise zvino. Zvino tinoda kutangira muna Deuteronomio, chitsauko 29, pandima 16. Zvino teererai. Mosesi achitaura.

(Nokuti imi munoziva kuti tanga tigere sei munyika yeEgipita; uye kuti takapfuura sei nepakati pendudzi dzatakapfuura nepadziri;

Uye mukaona zvinonyangadza, nezvifananidzo zvavo, zvatamanda . . . zvamabwe, sirivheri . . . ndarama, zvakanga zviri pakati pavo:)

204 Munhu wese aitakura chimwe chinhu chidiki kana chimwewo, kamupunzo kadiki kaMusande Cecilia. Munoziva, chimwe chinhu chakada kudaro, munoono. “Zvichida naizvozvo . . .” Teererai.

kuti pakati penyu parege kuva nomurume, . . . mukadzi, kana mhuri, kana rudzi, vane moyo unotsauka kubva kuna JEHOVHA Mwari wedu nhasi, kuti vaende vandoshumira vamwari vendudzi idzi; kuti pakati penyu parege kuva nemudzi unobereka nduru nechinovava;

Zvino zvozoitika kuti, paanonzwa mashoko echituko ichi, kuti iye—kuti iye azviropafadze mumoyo wake, zvino oti, ini . . . ndine rugare, kunyange ndichifamba hangu nemufungo wemoyo wangu, . . .

205 Munoono, vanhu vanoti, “Oo, anozviropafadza pachake.” Munoziva, ogadzira muchinjikwa mudiki kana chimwewo chinhu, sezvavanoita zvino, munoono; zvimwe chete,

munoona. Uye munoona kuti hunhu hwechihedheni, munoona, hwakafanana nemahedheni.

...anozviropafadza *mumwoyo wake* pachake,...
mufungo wake pachake uri mundangariro dzake
pachake, kuti awedzere kudhakwa panyota:

206 “Chingonwa, hazvina kana mutsauko wazvinoita; chero bedzi uchienda kucheche, unenge wakatonaka.”

Zvino JEHOVHA *haangamukanganwire, asi* zvakare *kutsamwa kwaJEHOVHA*. . . godo rake richapfungairira *munhu uyo, nechituko chose chakanyorwa mubhuku iri* (“Usabvise Shoko 1 kubva paRiri, kana kuwedzera 1 kwaRiri,” munoona.) *kuchamunamatira, uye JEHOVHA achadzima rake*. . . *achadzima zita rake pasi pedenga.*

207 Ndipo apo paanenge ari panyika, munoona, “pasi pedenga.”

Zvino JEHOVHA *uchamutsaurira zvakaipa* kubva *kumarudzi ose aIsraeri, maererano nechituko chose chesungano chakanyorwa mubhuku iyi yemurayiro:*

208 Naizvozvo, “Kana chero munhu akashumira chifananidzo, kana kuchengeta chifananidzo paari, kana kuzviropafadza iye mumufungo wake pachake wendangariro dzake, uye oshumira zvipananidzo,” Mwari vakati, “murume, mukadzi, mhuri, kana rudzi, zita rake richadzimwa zvachose, kubva pakati pevanhu.” Zvino, ndizvozvo here? Ichokwadi chaizvo!

209 Kunamata zvipananidzo kwakaita zvimwe chetezvo muचेचे, makore apfuura, uye kunodaro nhasi. Uye ndinocherechedza. . . Tarisai kuti antikristu akaedza sei kuita mafambiro anopesana. Vangani vanoziva kuti dhiyabhore anofananidzira uye anotevedzera—tevedzera vatsvene vaMwari?

210 Chivi chinombova—chinombova chii? Chinhu chakarurama chatsveyamiswa. Nhema chii? Ichokwadi chaturwa zvisiri izvo. Upombwe chii? Chiito chakarurama, chiito chiri pamurawo, chaitwa zvisiri izvo. Maona?

211 Zvino, mukuedza kuita izvi, “ndokudzima zita,” makacherechedza here muzera reचेचे, chikara chimwe chete chinoshumira mifananidzo yevanhu vakafa, nezvimwe zvakadaro, chakaedza kudzima Zita raIshe Jesu Kristu, nekupa madunhurirwa ekuti Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Chimwe chete, chine chituko ichocho seri kwacho, saizvozvo.

212 Dhani naEfuremu vakaita izvozvo chaizvo, vachitungamirirwa namambo aiva munyengeri muIsraeri, gweregwere, Jerobhoamu. Zvino, cherechedzai, muna Madzimambo Okutanga chitsauko 12. Ndinoziva tiri. . . Izvi, kwandiri, zvi—zvi—zvinoisa nheyo pane zvatinoogona kuzembera pazviri, zvatinoona. Madzimambo Okutanga, ndinoda kuenda kuchitsauko 12, 25 kusvika pandima 30.

Ipapo Jerobhoamu . . . Shekemu mugomo raEfuremu, ndokugarapo; ndokubuda achipinda mu . . . akandovaka Penueri.

Uye zvino Jerobhoamu akati kuna . . . mu—mumoyo make, (munoono, mufungo wemoyo wake), Zvino ushe hungadzokera kuimba yaDhavhidhi:

- 213 Akanga achitya, munoono, nekuti vanhu vaigona kuzobuda.

Kana vanhu ava vakakwira . . . kundobayira zvibayiro mumba maJEHOVHA paJerusarema, zvino moyo yavanhu ava ichadzokera kunashe, kunyangwe kuna Rehobhoamu mambo waJudha, zvino vachandiuraya, zvino voenda . . . kuna Rehobhoamu—Rehobhoamu mambo waJudha.

Naizvozvo mambo akarangana navakuru, akaumba mhuru 2 dzendarama, akati kwavari, Zvakakuomerai kuti mukwire Jerusarema: tarirai vamwari venyu, O vaIsraeri, vakakubuditsai . . . kubva panyika yeEgipita.

Zvino akagadza imwe paBheteri, imwe akaiisa paDhani.

Uye chinhu ichi chikava chivi: nekuti vanhu vakandonamata kwachiri, kunyangwe kusvikira paDhani.

- 214 Munoono, Efuremu paBheteri, naDhani, uye vakamisa zvifananidzo. Zvino ava vakabuda kundonamata izvi.

215 Uye hepano patiri, tasvika zasi chaiko muzera reMireniyamu, potse, uye Mwari vachiri kurangarira chivi ichocho. Havana kana kuverengerwamo. Heyi! Kubwinya! Sekungorangarira chaiko kwaVanoita vimbiso yoga-yoga yakanaka, Vanorangarira yakaipa yosewo, zvakare. Ingorangarirai, apo . . .

216 Ndicho chikonzero ndichitenda, shamwari, ndakaedza nguva dzose kugara neShoko iroro, zvisinei nekuti Rinoratidzika kusanzwisisika zvakadii.

217 Munoono, zvino, havaifunga nezvazvo ipapo panguva iyoyo. Havana kumbofunga nezvazvo panguva iyoyo. Vakafunga kuti, “Manje, vakatobudirira pazviri pasina chinovawana.” Zvakanaka.

218 Asi hepano pavari muzera reMireniyamu rino iri riri kupinda, apo mazita avo nemarudzi “zvakaadzimwa” kubva pairi, nekuti vakashumira zvifananidzo, zvakatukwa naMwari.

219 HaVana here kutaura kuti Va “kavenga” vaNikoraiti naJezebheri uyu? Garira kure nazvo. HaVana here kuti Vaizouraya vanasikana vaJezebheri nekuuraya kwe “rufu,” kunova kupatsanurwa Nokusingaperi kubva muHupo hwaVo?

Usavimbe nazvo, zvachose. Ibva pazviri. Saka, Mwari vanorangarira. Cherechedzai.

220 Asi mazvicherechedza here ipapo, raifanira “kudzimwa”? Sei? Pasi peDenga pakanga pasina Chibairo chepakare ipapo chaigona kumupa Mweya Mutsvene, waimuita kuti aone zvinhu izvi. Asi akazviita, zvakadaro, mupfungwa dzake dzehundini.

221 Asi, Ezekieri, muchiratidzo chake, muMireniyamu, anovaona zvakare muhurongwa hwakakwana. Ezekieri, kana maida kuiverenga. Ingoinyorai pasi, zvino munogona kuzozviverenga, kuchengetedza nguva. Ezekieri 48:1 kusvika 7, zvakare verengai 23 kusvika 29. Ezekieri akaona rudzi rumwe nerumwe rwuri muhurongwa chaimo. Zvakanaka.

222 Uye, zvakare, muna Zvakazarurwa 14, Johane akavaona zvakare muhurongwa hwemarudzi, ndizvozvo, rudzi rwogarwoga kunzvimbo yarwo. Chii chakaitika?

223 Munorangarira, Akati, “Pasi pematenga, kuti zita rake raizozimwa kubva munyaya deezvemarudzi.” Chero bedzi akanga achiri pasi pematenga, haazovepo zvachose. Zvino 144,000 ava vari zasi kuno vari mumarudzi, nazvino. Ndizvozvo. Asi, munoona, vakanga vakapofomadzwa. Vaingova nezvibayiro zvenzombe nembudzi. Maona? Zvino cherechedzai, Akavadzima, “pasi pedenga.”

224 Asi weMarudzi, mumazuva eMweya Mutsvene, kupikisa Izvozvo; zita rako raibviswa zvachose muBhuku reHupenyu, “uye hawaizombova nekuregererwa, munyika ino kana munyika inouya.” Ndizvo here? Saka ndipo patinomira.

225 Israeri, pasi pembudzi, makwai, va—vaiva nenzvimbo. Chero bedzi vaiva panyika pano, marudzi avo akanga asipo. Havaimbogona kuverengerwa. Zvino, vose...PaVakavadana, ikoko, 144,000, vakanga vasipo. Ndizvozvo chaizvo. Havana kana kuverengerwa imomo. Zvino Josefa naRevhi vakaiswa panzvimbo yaDhani naEfuremu. Zvino munogona kuzvitarisa. Izvoka izvo pazviri, pamberi penyu, munoona. Zvino heino vimbiso yaMwari, kumashure-shure uko chaiko, mazana nemazana emakore zvisati zvaitika.

226 Zvino, chii chakaitika? Vakanatswa munguva yeKutambudzika kwakaipisisa.

227 Zvino, kana Mwari vari kuzonatsa mhandara iyi—iyi, akanga ari mudzimai akanaka, asi akangotadza kuwana mafuta murambi rake, uye Vari kuzomonatsa kubudikidza nekutambudzwa imomo. Vanoisa mumarudzi iwayo imomo chaimo, nekuda kwechinhu chimwe chete, uye vovanatsa munguva yeKutambudzika. Nekuti, ku—kucheneswa. Mutongo. Asi, munoona, ivo, mushure...Zvino, tarisai pano, hevo 144,000 vachiuya, shure mokucheneswa kweIsraeri. Zvino heyo mhandara yakarara ichiuyawo zvakare, inouya, yanatswa, uye

yakapfeka nguwo chena. Maona? Kuti zvakakwana zvakadii! Zvakanaka zvakadii izvozvo!

228 Sezvakaaita Jakobho, munguva yedambudziko, munoona. Ivo... Jakobho, munguva yedambudziko. Akanga aita zvakaipa. Asi akapinda nemunguva yokunatswa nokuti akanga akanganisira mukoma wake, Esau. Maona? Akanyengera, kuti atore hudangwe hwake. Asi akapinda nemukunatswa asati ashandurwa zita rake kubva kuna Jakobho achiva Israeri, unova mufananidzo wehurongwa hwaMwari, hunofananidzirwa nhasi.

229 Zvino, tichavhura zvino kundima 8 ye, kana, ndima 1, waro, yechitsauko 8; chaZvakazarurwa 8:1.

230 Ndinoziva kuti maneta. Asi, zvino, chingoedzai kuteerera kwemaminitsi mashoma bedzi zvino. Uye, Mwari veKudenga vatibatsire, ndiwo munamato wangu.

231 Tinofanira kurangarira kuti Chisimbiso Chechinomwe ichi ndiko kuguma kwenguva, yezvinhu zvose. Ndizvozvo chaizvo. Zvinhu zvakananyorwa muBhuku reZvisimbiso Zvinomwe, zvakanamwa, zvehurongwa hwerudzikinuro kubva nyika isati yavambwa, zvose hazvo zvinoguma. Ndiwo magumo; ndiwo magumo enyika iri kutambudzika. Ndiwo magumo ekutambudzika kwezvisikwa. Ndiwo magumo ezvose. Imomo, ndiwo magumo eHwamanda. Ndiwo magumo eNdiro dzematenda. Ndiwo magumo enyika. Ndiwo... Anotovawo magumo enguva.

232 Nguva inopera. Bhaibheri rakataura kudaro. Mateo, chitsauko 7... waro, Zvakazarurwa, chechi 7 ichi chits-... chitsauko 10 uye... uye ndima 1 kusvika ku 7. Nguva inopera. Mutumwa akati, “Nguva haichazovapo,” apo icho, mumazuva ekuti chinhu chikuru ichi chiitike.

233 Zvinhu zvose zvinopera, munguva iyi, kuguma kwe—kwe... pakupera kweChisimbiso Chechinomwe ichi. Cherechedzai. Ndiwo magumo ezera rechechi. Ndiwo ma—magumo eChisimbiso Chechinomwe. Ndiwo magumo eHwamanda. Ndiwo magumo eNdiro dzematenda, uye kunyange magumo ekuunzwa kweMireniyamu. Izvozvo zviri paChisimbiso Chechinomwe.

234 Zvakangofanana nekuputitsa mafayaweki mudenga. Zvino chifayaweki ichi chinopotikira *pano*, uye chokwira kumusoro chobva chaputika zvakare. Chinoburitsa nyeredzi 5. Imwe yenyeredzi idzodzo inoputika zvino yobva yaputitsira kunze nyeredzi 5 kubva mairi; uye zvakare imwe yenyeredzi idzodzo inoputika zvino yobva yaputitsira kunze nyeredzi 5 kubva mairi. Munoona, inozonyangarika.

235 Ndizvo, zviri, Chisimbiso Chechinomwe ichi. Chinogogumisa nguva yepasi rose. Chinogumisa nguva yeizvi. Chinogumisa nguva yeizvo. Chinogumisa nguva yeizvi.

Chinogumisa nguva. Zvese zvakangogumira paChisimbiso Chechinomwe ichi.

236 Zvino, ko Achazviita sei? Ndizvo zvatisingazive. Handizvo here? Hatizive.

237 Inotovawo nguva yezvinhu zvose izvi, uye nekuunzwa kweMireniyamu.

238 Cherechedzai, kuparurwa kweChisimbiso ichi kwaive kukuru kwazvo, zvekuti, Denga rakanyaradzwa naCho, “murunyararo, kwechikamu chenguva yehafu yeawa.” Zvino, Chikuru sei! Chii ichocho? Akanyaradzwa, Matenga. Hapana chinhu chakafamba, kwehafu yeawa.

239 Zvino, hafu yeawa inogona kunge isina kureba kana uri kuva nenguva yakanaka. Asi, mukumirira kwekusaziva kuri pakati perufu neHupenyu, yaiita seMireniyamu. Yaive yakakura kwazvo!

Jesu haana kumbobvira akaChitaura. Hapana kana mumwe wavo vose.

240 Johane haana kana kukwanisa kunyora nezvaCho. Kwete, akarambidzwa kunyora pano *apa*. Munoono, panongori... bedzi... Haana kuChinyora, asi urwu runyararo.

241 Uye vakuru 24 vakanga vamire pamberi paMwari, Ipapo, vachiridza rudimbwa rwavo; vakamira kuridza rudimbwa rwavo.

Ngirozi dzakamira kuimba kwadzo, Kudenga.

242 Pafungei! MaKerubhi matsvene nemaSerafimi, Akaonekwa naIsaya mutemberi, aine mapoka 6...kana mapoka 3 emapapiro. 3...2 akafukidza chiso chayo, uye 2 akafukidza tsoka dzayo, uye achibhururuka. Uye masikati nehusiku aripo, ipapo, pamberi paMwari, achiimba, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, ndiJehovha Mwari Samasimba!” Uye kunyange paakafamba achipinda, kana kupinda mutemberi, mbiru dzemutemberi dzaizunguzika, nekuda kwehupo hwawo—hwawo.

243 Zvino maSerafimi matsvene aya akanyarara. Ngirozi dzakamira kuimba. Uh-huh. Fiyuu! Dzichibhururuka muHupo hwaMwari, dzichiimba kuti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene,” Dzakanyarara. Pasina Ngirozi dzinoimba. Pasina kurumbidza. Pasina—pasina shumiro yepaartari. Pasina, kana chii zvacho. Pakava nerunyararo; kuti zii, runyararo rukurusa Kudenga, kwehafu yeawa.

244 Hondo yese yeKudenga yakanyarara kwehafu yeawa iyi, apo chakavanzika cheChisimbiso Chechinomwe ichi chiri muBhuku reRudzikinuro pachakaparurwa chichivhurika. Pafungei ipapo. Asi, Chakaparurwa. Gwayana rinoChizarura. Munozivei? Vakakatyamadzwa naCho, ndinotenda kudaro. Havana kuziva; hecho paChaiva! Vakabva vangomira.

245 Sei? Chii iChocho? Zvino, hapana mumwe wedu anoziva. Asi, ndi—ndichakuudzai, muchizaruro changu—changu chezvaCho.

246 Uye, zvino, ini handina kurerekera kuva munhu anova mupengereki. Kana ndiri, handizvizeve, munoono. Ndiri. . . Ini handina tsika iyi yekungoenderera mumatyira uye nezvinhu zvekufungidzira.

247 Ndakataura zvimwe zvinhu, zvingave zvakaita sezvisinganzwisike kune vamwe vanhu. Asi kana Mwari vachinge vazouya, seri kwaZvo, voZvisimbisa uye voti IChokwadi, zvino ndiro Shoko raMwari. Maona? Zvingaita sezvisinganzwisike, nenzira iyoyo. Maona?

248 Uye zvino, semazvirokwazvo ekumira kwandakaita pano papuratifomu manheru ano, ndava nechizaruro chazarura. Chiri mumatanho akapetwa ka 3. Ayo andichataura kwamuri, nerubatsiro rwaMwari, pane rimwe danho raCho. Uye zvakare iwe. . . Ngatipedzei izvozvo, kutanga. Hechino chizaruro, kutanga zvandinoda kukuudzai, zvaChiri. Chinoitika, ndechekuti. . . Mitinhiro Minomwe iya yaakanzwa ichitinhira, uye akarambidzwa kuinyora; ndicho chakavanzika chacho, chiri kuseri kweMitinhiro yakatevedzana Minomwe iyi ichibuda.

249 Zvino, sei? Ngatizviratidzei. Sei? Ichakavanzika chisina kana ani anoziva nezvacho. Johane akarambidzwa kunyora pamusoro paCho, kunyange—kunyange kunyora mucherechedzo pamusoro paCho. Sei? Ndicho chikonzero pakanga pasina chaita ku—chaitika Kudenga: chaigona kuzoburitsa chakavanzika. Muri kuzviona here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

250 Kana Chiri chikuru kwazvo, Chinofanira kuverengerwa, nekuti Chinofanira kuitika. Asi apo Mitinhiro Minomwe. . .

251 Zvino cherechedzai. Vatumwa 7 pavakauya kuzoridza Hwamanda dzavo, pakava nekutinhira ka 1 chete. [Hama Branham vanogogodza papurupiti kamwe chete—Mupepeti] Israeri payakaungana, pakava nehvamanda. “Apo nguva paichange isisipo,” hwamanda yekupedzisira, kutinhira ka 1.

252 Asi heino Mitinhiro Minomwe yakatevedzana, mumutsara chaiwo: 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, nhamba iyoyo yakakwana. Mitinhiro Minomwe yakatevedzana, yakataura, kwete. . . kungoita bedzi—bedzi 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, ichitevedzana kudaro. [Hama Branham vakagogodza papurupiti ka 7—Mupepeti] Zvino, Matenga haana kukwanisa kuChinyora. Matenga haakwanise kuziva nezvaCho, hapana chimwezeve, nekuti hapana chiripo chinoitika. Yakanga iri nguva yekuzorora. Chakanga chakakura kwazvo, zvekuti, Chakachengetwa chiri chakavanzika kuNgirozi.

253 Zvino, sei? Kana Satani akangoChibata chete, anogona kukuvadza nepakuru. Pane chinhu 1 chaasingazive. Zvino, anogona kududzira chero chaanoda, uye ogotevedzera chero mhando ipi zvayo yechipo, (ndinovimba kuti muri kudzidza), asi

haakwanise kuziva iChi. Hachina kana kumbonyorwa muShoko. Ichakavanzika zvachose.

²⁵⁴ Ngirozi, zvinhu zvose, zvakanyarara. Kuri kunzi dzakapfakanyika kamwe chete, zvaigona kuzivisa chimwe chinhu, saka dzakangonyarara, dzikamira kuridza rudimbwa. Zvinhu zvose zvakamira.

²⁵⁵ 7, inhamba yaMwari yakakwana. 7, [Hama Branham vanogogodza papurupiti ka 7—Mupepeti] zvichingodzika mumutsara. Mitinhiro Minomwe yakataura pamwe chete, sekunge yaiperetera chimwe chinhu. Cherechedzai, panguva iyoyo, Johane akatanga kuZvinyora. Iye ndokuti, “UsaZvinyora.”

²⁵⁶ Jesu haana kumbotaura nezvaCho. Johane haana kukwanisa kuZvinyora. Ngirozi hadzizive chinhu pamusoro paCho. Chii iChocho? Ndicho chinhu icho, Jesu akati, “Kunyangwe Ngirozi dzeKudenga dzakanga dzisingazive” chinhu nezvaCho. Maona? Maona? Akanga asingaChizivewo, pachaKe. Akati, “Mwari voga” ndivo vanotoChiziva.

²⁵⁷ Asi Akatiudza, kuti kana “tatanga kuona zviratidzo izvi zvichiuya.” Zvino pane pamava kusvika here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Cherechedzai, isu “patinotanga kuona zviratidzo izvi zvichiuya.” Maona?

Dai Satani agona kuChibata . . .

²⁵⁸ Kana uchida kuti chimwe chinhu chiitike. . . Zvino munofanira kutora shoko rangu pane izvi. Kana ndiri kuronga kuita chimwe chinhu, ndinoziva zviri nani kuti ndisaudza chero ani hake nezvazvo. Kwete kuti munhu iyeye angazviture, asi Satani anozovinzwa. Maona? Haakwanise kuzviwana, mumoyo mangu umu, chero bedzi Mwari vakazvivhara neMweya Mutsvene, saka zviri pakati pangu naMwari. Maona? Hapana chaanoziva nezvazvo kusvika iwe wazviture, ipapo anobva azvinzwa. Uye ndakaedza. . . Ndinoudza vanhu kuti ndichaita chimwe chinhu *chakati-nechokuti*, zvino onai dhiyabhore achigura vhiri rose raanogona, kuti asvikeko, munoona, kuti anditangire pazviri. Asi kana ndikawana chizaruro kubva kuna Mwari, uye ndongorega kutaura chinhu pamusoro pazvo, zvino zvasiyana.

²⁵⁹ Rangarirai, Satani achaedza kutevedzera. Achaedza kutevedzera zvese zvichaitwa neChechi. Akaedza kuzviita. Tinozviona, kubudikidza naantikristu.

²⁶⁰ Asi ichi ndicho chinhu 1 chaasingagone kutevedzera. Hapazovi nekutevedzera pane ichi, munoona, nokuti haaChizive. Hapana nzira yekuti aChizive nayo. Ndiko Kudhonza Kwechitatu. Hapana chaanotoziva nezvaKo. Maona? HaaKunzwise.

261 Asi pane chakavanzika chirere pasi paKo! Kubwinya kuna Mwari vari Kumusoro-soro! Handisi kuzombofunga zvimwe chete, kwehupenyu hwangu hwose, pandaona. Zvino, handizivi kuti chii. . . Ndinoziva danho rinotevera ipapo, asi ini handizive kuti chii, kuti ndozvidudzira sei. Hazvizitora nguva refu. Ndanyora zasi pano, pazvaitika, kana muchikwanisa kuona pano, “Mira. Usapfuurire mberi kweizvi zviripo pano.” Handina kurerekerera kuva mupengereki. Ndiri kungotaura Chokwadi.

262 Asi munorangarira shangu diki, yandaigara ndichiedza kutsanangura kuti munhu wemukati aiva pedyo ne *chakati-chakati*, uye nehana yemukati, nemhando yese yezvinhu izvozvo? Izvo, zvakangokonzera boka guru rekutevedzera kuti ritange mushure mazvo. Kutu vanofanira kutora ruoko sei, vobata vanhu, uye vova nekakubvunda-bvunda? Munhu wese akave nekakubvunda-bvunda mumaoko avo.

263 Asi munorangarira, paAkanditora kumusoro uko, ndokuti, “Uku ndiko Kudhonza Kwechitatu, uye hapana achaKuziva.” Munozvirangarira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zviratidzo hazwife zvakakundika. Izvo iZvokwadi yakakwana.

264 Zvino cherechedzai. Mucharangerira here chiratidzo chiya cheboka? Charlie, ini. . . Hezvinoka izvo.

265 Chimwe chinhu chiri kuitika, ndakakuudzai, vhiki rino, kuti imi. . . Zvanga zvakakukombai, asi handizive kana makazvicherechedza.

266 Mucharangerira here boka riya, pamusoro pechiratidzo cheNgirozi, pandakabva kuno ndichienda kuArizona? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munorangarira *Inguvaiko*, *Madzichangamire*? [“Ameni.”] Munozvirangarira here izvozvo? Cherechedzai, pakangova nekuputika kukuru kumwe chete kwemutinhiri, zvino Ngirozi 7 ndokuonekwa. Ndizvo here? [“Ameni.”] Kuputika kumwe chete kwemutinhiri, Ngirozi 7 dzikaonekwa.

Zvino ndakaona Gwayana parakazarura chisimbiso chekutanga, ndikanzwa, sekunge raiva inzwi remutinhiri, zvino chimwe chezvipuka 4 chakati, Huyu uone.

267 Cherechedzai, mutinhiri 1, Mharidzo Nomwe dzakanga dzakasimbiswa uye dzisingakwanise kuzarurwa kusvikira pazuva rekupedzisira, rezera rino. Munoono zvandiri kureva?

268 Zvino, makacherechedza here chikamu chisinganzwisike chevhibi rino? Ndizvo zvaChiri. Ndizvo zvaChanga chiri. Anga asiri munhu, mu—munhu, dzanga dziri Ngirozi dzaShe.

269 Cherechedzai, pane zvapupu, zve 3, vakagara muno, kuti vhiki rapfuura, kudarika zvisvishoma vhiki rapfuura, ndakanga ndiri kumusoro, seri uko mumakomo, kutoda

kusvika kuMexico, nehama 2 dzakagara pano. Ndichibvisa chaguduma, kana kuti zvidhongu, kubva pagumbo retirauzi rangu; zvino kuputika ndokubva kwaitika, kwakapotsa, tingati, kwakazunguzira makomo pasi. Zvino, ndizvozvo. Handina kumbobvira ndakaudza hama dzangu, asi vakacherechedza mutsauko.

270 Zvino Akati kwandiri, “Zvino gadzirira. Enda kumabvazuva. Heino dudziro yechiratidzo ichocho.” Maona? Zvino, kukuzivisai, Hama Sothmann havasati vawana mhuka yemusango yavakaronda. Taiedza kuti tivawanire. Zvino Vakati, “Zvino, manheru ano, sechiratidzo kwauri, havasi kuzozviita. Unofanira kuzvitsaura panguva ino pakushanyirwa neNgirozi idzi.” Zvino ndakanzwa sendati rasikei njere, munorangarira.

271 Zvino ndakanga ndiri kumadokero. Ngirozi dzaiuya kumabvazuva. Zvino padzakauyapo, ndakasimudzwa pamwe chete nadzo, (munozvirangarira here?) dzichiuya kumabvazuva.

272 Zvino Hama Fred, vari muno manheru ano, ichapupu, pamwe naHama Norman. Patainge tichidzika, ndakapotsa ndanyengetedza murume uyu kuti asare azobata mhuka yake. Ndizvo here, Hama Sothmann? [Hama Fred Sothmann vanoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hongu, avo, vamire apo chaipo. Ndakanyengetedza; asi, zvakadaro, Vakati, “Havasi kuzozviita.” Handina kumbotaura chinhu; ndokupfuurira zvedu mberi.

273 Chimwe chinhu, takagara parutivi rwetende, zuva iro raka...Munorangarira, Hama Sothmann. Uye ini, pachingotanga kutaurwa zvimwe zvinhu, izvo zvandakakuisai imi naHama Norman...Hama Norman vari kupi? Kumashure uko. Ndokuvaisa pasi pemhiko, kuti havaizotaura zvainge zvichiitika. Ndizvo here? [Hama dzinoti, “Ameni. Ndicho chokwadi.”—Mupepeti] Ndakatendeuka here uye ndikafamba ndichibva patende riya, saizvozvo? Ndizvo here? [“Ndizvozvo.”]

274 Nekuti, izvi ndizvo zvazvaiva, chaizvo zvazvaiva, uye ndichiziva kuti handaikwanisa kuzvitaure kusvikira zvaitika, kuona kana vanhu vaizozvinzwisisa.

275 Uye makacherechedza here? “Ngirozi 1 iya,” ndakati, “imomo, maiva neNgirozi isinganzwisisike.” Yakatarisa kwandiri zvakananyanya kupfuura Dzimwe dzose. Munozvirangarira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Dzakanga dziri muboka; 3 kudivi rimwe nerimwe, uye 1 pamusoro. Uye yakanga iri parutivi pangu chaipo apa, tichiverenga kubva kuruboshwe kuenda kurudyi, ingadai iri Ngirozi yechi 7. Yakanga yakanyanya kubwinya, ikareva zvakananyanya kwandiri kudarika Dzimwe dzose. Munorangarira here? Ndakati, “Yakanga yakabuditsa chipfuva chaYo kunze, saizvozvo, uye yakanga ichibhururuka yakananga kumabvazuva” (munorangarira) “saizvozvo.” Ndakati,

“Yakandinhonga; ikandisimudza.” Munozvirangarira here izvozvo? [“Ameni.”]

276 Heino iYi, iyo yacho ine Chisimbiso Chechinomwe, chinhu chandakafunga nezvacho hupenyu hwangu hwese. Amen! Zvimwe Zvisimbiso izvi zvaireva zvakanyanya kwandiri, hongu, asi, oo, hamuzive kuti iChi chakarevei, panguva imwe chete muhupenyu!

277 Ndakanamata, ndikachema kuna Mwari. Ini—ini—ini... Mushure memusangano uya wekuPhoenix...Chero mumwe wevanhu, vaiveko neni, anoziva. Ndakarara mumakomo.

278 Mamwe mangwanani, ndakamuka ndikawira muSabino Canyon, makomo aya makuru, akakwasharara, marefu. Zvino ndakaendako. Uye kune kanzira kadiki ketsoka, mushure mekunge watsauka, kuenda kumusoro muGomo reLemmon, unova mufambo wemamaira 30, pedyo nemafiti angada kusvika 30 echando kumusoro ikoko. Saka, kumusoro mugomo, mambakwedza zuva risati rabuda, ndichikwira nekanzira kaduku ketsoka aka, ndichikungurusa matombo ndichienda. Ndakanzwa kutungamirwa kutsauka *nechekuku*. Zvino ndakatsauka, ndokunokwira mune mamwe matombo makuru, akakwasharara, oo, ini zvangu, mazana emafiti kureba.

279 Zvino ndakapfugama pakati pematombo iwayo. Ndikagadzika Bhaibheri *iri* pasi, ndikagadzika bhuku iri pasi. . .kabhuku kadiki *aka*. Ndikati, “Ishe Mwari, chiratidzo ichi chinorevei? Ini—ndiri—ndiri...” Ndakati, “Ishe, izvo... Zvinozveva kufa kwangu here?”

280 Munorangarira, ndakakuudzai, “Ndakafunga kuti zvaigona kureva kufa kwangu, nekuti chimwe chinhu chakaputika kusvikira chakangondideresa kusvika kwekupedzisira.” Munozvirangarira. Vangani vanooviziva, vakazvinzwa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Nhaika, chokwadi, munoona, mese zvenyu. Uye ndakafunga kuti zvaigona kureva rufu rwangu.

281 Uye zvakare mukamuri, ndakati, “Ndaiva... Changa—changa—changa chiri chii, Ishe? Zvino—zvinorevei? Zvinozveva kuti ndichafa here? Kana zvirizvo, zvakana, handiudze mhuri yangu. Ingondiregai ndiende zvangu, munoona, kana basa rangu rapera.” Zvino ini ndakati. . .

282 Zvino, chaiva chii? Asi Akatumira chapupu ndokudzoka, munorangarira ndichikuudzai, kuti zvaiva zvisirizvo. Kwaiva kufambira mberi kwebasa rangu. Oo, oo, oo! Mazvibata here?

283 Munoona, zvino ndigere kumusoro muSabino Canyon, Baba veKudenga vanooviziva izvi, zvingori chokwadi sezvamunoona izvozvo zvichiitika, Ngirozi dziya dzakanyatsoburuka uye dzichibva dzasimbisa Mharidzo imwe neimwe kuva zvimwe chete. Zvadaro, moziva kuti Inobva kuna Mwari here, kana kuti kwete. Yakafanotaurirwa, imi, nechiratidzo. Ndaisakwanisa

kukuudzai kusvikira shumiro dzapera, nekuti ndakarambidzwa kudaro.

284 MuSabino Canyon, ndakagara kumusoro ikoko mangwanani iwayo, ndaingwe ndakasimudza maoko angu mudenga. Uye yangu...Mhepo yakanga yapeperetsera pasi ngowani yangu nhema yekare. Apo...Ndainge ndakamira ipapo, ndakasimudza maoko angu, ndichinamata. Ndikati, “Ishe Mwari, izvi zvinorevei? Handisi kukwanisa kuzvinzwisisa, Ishe. Chii chandiri kufanira kuita? Kana iri nguva yangu yekuenda Kumusha, regai ndikwire kumusoro kuno, ndiko kwavasingazobofa vakandiwana. Handidi kuti pave nemunhu anozenge achichema, kana ndiri kuenda. Ndi—ndinoda kuti mhuri ingofunga kuti ndakangofambawo hangu. Uye havazondi wani. Ndivanzei pane imwe nzvimbo. Kana ndiri wekuenda, zvinoka, regai ndiende. Pamwe Joseph achawana Bhaibheri rangu riri pano, rimwe zuva, uye ngaaRishandise. Munoono, kana ndiri kuzoenda, regai ndiende, Ishe.” Zvino ndaingwe ndakatambanudza maoko angu. Uye, kamwe-kamwe, chimwe chinhu chakarova ruoko rwangu.

285 Handizive. Handikwanise kutaura. Kuti ndakakotsira here? Handizive. Kana kuti ndaive ndapinda mune mamwe maonero emweya here? Handizive. Chaiva chiratidzo here? Handikwanise kukuudzai. Chinhu chete chandinogona kutaura ndecheizvo ini... Zvimwe chetezvo sezvanga zvakangoita Ngirozi idzodzo!

286 Zvino chakarova ruoko rwangu. Ini ndokutarisa, zvino waiva munondo. Zvino wakanga uine mibato yemaparera, yakanaka kwazvo; uye wakanga uine chidziviro pamusoro pawo, chine ndarama. Uye kunocheka kwacho kwaiita sechimwe chinhu chakaita sekorumu, sesirivheri, kungoti chete kwaipenya zvakananyanya. Uye wakanga wakapinza kwazvo, oo, ini zvangu! Uye ndakafunga, “Hachisi chinhu chakaisvonakisa here ichi!” Wakangonyatsokwana muruoko rwangu! Ndakafunga, “Wakanakisa chaizvo. Asi,” ndakati, “heyi, ndinogara ndichizvitya zvinhu izvi, munondo.” Ndakafunga, “Ndichaita sei nawo?”

287 Zvino panguva iyoyo Inzwi rakazunguza richidzika neimomo, zvikazungunutsa matombo. Rikati, “Ndiwo Munondo waMambo mukuru!” Zvino ipapo dakabva ndabuda mazviri.

288 “Munondo waMambo mukuru.” Zvino, kana dai Rakati, “Munondo wamambowo zvake...” Asi Rakati, “Munondo waMambo mukuru.” Uye pane 1 “Mambo mukuru,” zvino ndiMwari. Uye Vane Munondo 1, ndiro Shoko raVo, iro randakararama naro. Ndizvo, saka ndibatsireiwo, Mwari; ndakamira patafura yaVo tsvene pano, neShoko dzvene iri riri pano! IShoko! Amen! Oo, izuva guru kwazvo ratiri kurarama mariri! Chinhu chikuru kwazvo! Munoono chakavanzika uye nechakavanzwa? Kwechitatu...

289 Ndakamira ipapo uyu pawakandisiya, Chimwe chinhu chakangouya kwandiri ndokuti, “Usatya.” Zvino, handina kunzwa inzwi. Semukati mangu, makataura. Ndinofanira kungokuudzai chokwadi, chaizvoizvo zvakaitika. Chimwe chinhu chakarova, ndokuti, “Usatya. Uku ndiko kuya Kudhonza Kwechitatu.”

290 Kudhonza Kwechitatu! MunoKurangarira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Akati, “Wakava nevatevedzeri vakawanda kwazvo pane izvi, zvawakaedza kutsanangura. Asi,” ndokuti, “usatomboedza hako, Uku.” Munozvirangarira here? Vangani vanorangarira chiratidzo chiya? [“Ameni.”] Handiti, zvose zvakapera. Zvakaiswa patepi, nekweise-kweise. Atova makore anenge 6 akapfuura, makore 7 akapfuura. Ave makore 7 akapfuura. Akati, “Usaedze kutsanangura iKoko.” Akati, “Uku ndiko Kudhonza Kwechitatu, asi Ndichasangana newe imomo.” Ndizvo here? [“Ameni.”] Akati, “Usaedza . . .”

291 Ndakanga ndakamira ndine sha—shangu duku yemwana mucheche, paAkandiudza. Akati, “Zvino ita Kudhonza kwako Kwekutanga. Uye kana wadaro, hove dzichamhanya dzichitevera ndyiro.” Akati, “Wobva watarisa Kudhonza kwako Kwechipiri,” akati, “nekuti Kuchava nehove diki chete.” Akati, “Zvino Kudhonza Kwechitatu kuchaibata.”

292 Zvino vashumiri vose vaya vakandikomba, vakati, “Hama Branham, tinoziva kuti munogona kuzviita! Hareruya! Hama Branham!” Ndipo pandinogara ndakasungirirwa, neboka revaparidzi. Maona? Ndinoda vanhu. Vanoda kuti utsanangure zvese, *izvi, izvo*.

293 Ini ndikati, “Manje, uh, uh, uh,” ndikati, “Handizive.” Ndakati, “Ndinonzwisisa kuredza. Zvino,” ndakati, “zvino, chokutanga chaunoita . . . Heino nzira yacho yazvinoitwa nayo. Munoono hove dzose kwakapoteredza; munofanira kugwinha ndyiro.” Saka, ndiwo chaihwo hunyanzwi hwekuredza. Saka ndakati, “Gwinhai ndyiro. Zvino, munoono, pandagwinha ndyiro, kekutanga, zvino hove dzinotanga kuitevera.” Asi dzakanga dziri diki. Uye dzakangofanana nedzavaibata.

294 Saka zvino nda—ndakati, “Zvino mucha—muchaisa . . .” Uye ndakaigwinhira kunze, pamahombekombe. Uye ndaiva nehove, asi yayiita seganda pamusoro pechindyiro, yainge yakango . . . kakanga kari kadiki zvikuru.

295 Zvino ndaive ndakamira ipapo, zvino Chimwe chinhu ndokuti, “Ndakuudza kuti usadaro!”

296 Ndakatanga kuchema. Tambo yese yepachirauro yaive yakasangana-sungana pandiri, sezvizi. Uye ndaive . . . ndaive ndakamira ipapo, ndichichema, ndakatsikitsira musoro wangu saizvozvo. Ndakati, “Mwari! Oo, ini . . . Ndiregerereiwo! Ndi—ndiri benzi remunhu. Ishe, musa . . . Ndiregerereiwo.” Uye nda—ndaive netambo yepachirauro iyi.

²⁹⁷ Uye izvo, zvandaiva nazvo muruoko rwangu, yaiva shangu duku yemwana mucheche, yakareba zvakada *kudai*. Uye ndaiva netambo iya, yakanga yakakora zvakada kuita semunwe wangu, kuda hafu yeinji, tingati. Uye kaburi ketambo mushangu iyi kainge kakangoita se...kadiki pane ka—kachikamu 1 kubva mune 6, zvichida, keinji, mukaburi ketambo. Zvino ndaiedza kupfekedzera tambo muburi reshangu duku iyi, netambo hombe yakakura iyi iri inji. Huh!

²⁹⁸ Inzwi rakauya, rikati, “Haugone kudzidzisa vana vechiPentekosti zvinhu zvemweya.” Rikati, “Zvino, vasiye vakadaro!”

²⁹⁹ Uye pakare ipapo Akanditakura. Akandisimudza, ndokundigarisa kumusoro-soro, kune mumwe musangano waive uri kuitwa. Rairatidzika setende kana zichechi rakakura, reimwewo mhando. Uye ndakatarisa, zvino paiva nekabhokisi kaduku, saizvozvo, kanzvimbo kaduku nechekurutivi. Zvino ndakaona Chiedza chiya chichitaura nemumwe munhu, pamusoro pangu, Chiedza chiya chamunoona pamufananidzo. Chakatenderera chichibva pandiri, *saizvozvo*, ndokuenda nepamusoro petende iri. Uye chikati, “Ndichasangana newe imomo.” Uye ndokuti, “Uku ndiko kuchava Kudhonza Kwechitatu, uye hapana munhu wauchazoudza pamusoro paKwo.”

Zvino muSabino Canyon, Akati, “Uku ndiko Kudhonza Kwechitatu.”

³⁰⁰ Uye pane pane zvinhu 3 zvikuru zvinofambirana naKwo. Zvino chimwe chabhedhenuka nhasi, kana kuti, nezuro; chimwe chacho chabhedhenuka nhasi; uye pane chinhu 1 bedzi chandisingagoni kududzira, nekuti chiri mumutauro usingazivikanwe. Asi ndakamira ipapo ndokunyatsoZvitarisa. Zvino uku ndiko Kudhonza Kwechitatu kuri kuuya. Zvino Mweya Mutsvene waMwari . . . Oo, ini zvangu!

Ndicho chikonzero Denga rose raive rakanyarara.

³⁰¹ Zvino, regai ndi—ndimirire ipo pano, munoona. Ndiri kungo—ndiri kungonzwa kumiswa, kuti ndisataure zvakawanda pamusoro paCho. Maona?

³⁰² Saka, ingorangarirai, Chisimbiso Chechinomwe, chikonzero Chisina kuzarurwa. Munoona, chikonzero sei Chisina kuZvizarura, hapana anofanira kuziva nezvaCho.

³⁰³ Uye ndinoda kuti muzive, ndisati ndatomboziva Shoko ripi zvaro pamusoro paZvo, chiratidzo ichi chakauya makore akapfuura. Munozvirangarira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino hechinoi Ichi, sezvakaita chimwe ichi, chinongopinda chakananga muShoko chaimo maChakanga chiri. Uye Mwari vanoziva moyo wangu, handina kana imwe nguva yandakambofunga nezvechinhu Chakadaro, zvino

hechinoika paChaive. Nguva yapera kupfuura zvatinfunga. Uh-huh. Oo, ini zvangu!

304 Zvinoratidza kuti Zvinobva kuna Mwari, nekuti, munoono, Zvinonyatsoenderana nevimbiso dzaMwari, kubva kumagumo e—eMharidzo. Imi cherechedzai. Cherechedzai zvino, ndecheMharidzo yenguva yekupedzisira, Chisimbiso ichi. Zvisinei hazvo, Iye—Iye akazarura Zvisimbiso 6 zvese, asi hapana chaAnotaura pamusoro peChechinomwe. Uye Chisimbiso chenguva yekupedzisira, paChinotanga, chichange chiri chakavanzika chizere zvirokwazvo, maererano neBhaibheri, tisati taChiziva. Uye rangarirai, Zvakazarurwa 10:1-7, 1 kusvika 7, chitsauko 10:1 kusvika 7, “Pakupera kweMharidzo yemutumwa wechi 7, zvakavanzika zvose zvaMwari zvinozozivikanwa.” Tave panguva yekupedzisira, kuzarurwa kweChisimbiso Chechinomwe.

305 Zvino, ndakaziva sei? Rimwe zuva, musi weSvondo yapfuura, vhiki rakapfuura nhasi, pandakanga ndichiparidza pamusoro pekuti “Zvininipise! Zvininipise! Rangarirai, Mwari vanoshanda muzvinhu zvidiki.” Handina kucherechedza kuti chii chaizvo chainyatsotaurwa nezvacho. Uye zvino ndazviona. Zviri nenzira yakaninipa kwazvo! Ungafunga kuti chinhu chakadaro chaizozarurwa kuVatican kana... Asi Zvinouya sezvakangoita Johane Mubhabhatidzi. Zvinongouya sekuzvarwa kwaIshe wedu, mudanga. Mwari ngavarumbidzwe! Zvechokwadi chaizvo, nguva yava pedyo! Amen! Tasvika. Oo, ini zvangu!

306 Zvino munozviona here, Chokwadi chechiratidzo chaMwari, Ngirozi 7 dzichindiunza kubva kumadokero? Dzaibva kumadokero, dzichidzoka kumabvazuva, dzichiunza kuno kuitira Mharidzo iyi manheru ano. Oo, ini zvangu!

307 Zvino, Inzwi rekutinhira kukuru kuya, uye nebasa rakaunzwa pano, zvakazarurwa, kuti Izvo... uye nekuratidza kuti Zvakanga zviri zvaMwari. Chingofungai zvino. Handaiziva Zvisimbiso izvi, zvino zvakazarurwa vhiki rino. Pane here akafunga nezvazvo, zveNgirozi 7 dziya dzichiva iYi, dzichiva Mharidzo yakanga ichiuya, Ngirozi idzodzo dzichindidzosa kuno nokuda kwaYo? Maona?

308 Rangarirai, Nhume yechi 7 yaiva... Nhume 7 dzaiva... YaCho yainyanya kuonekera kwandiri, Ngirozi yechi 7, Yakaratidzika zvakanyanya kwandiri kupfuura chero imwe zvayo. Zvino, munoono, dzaive dzakamira sezvizi. Zvino, tinongoda kuti mucherechedze. Uye ndaive ndakamira *apa*, uye ndaive ndakatarisa dzimwe idzi... .

309 Munoono, 1, boka rekutanga, retushiri tudiki, minhenga yose yakabvamburwa-bvamburwa. Munoturangerira here? Uye twese twakabhururukira kumabvazuva. Zvino boka rechipiri, dzaiva shiri dzakanoti bwinyei, dzakadarika pakukura,

dzaitaridzika senjiva, mapapiro akatesva. Dzakabhururukira kumabvazuva. Kudhonza Kwekutanga, Kudhonza Kwechipiri, zvino dzakatevera dzaiva Ngirozi. Uye se . . .

³¹⁰ Ndakanga ndimire ipapo chaipo, zvino kuputika uku kwakadarika. Zvino ndakanga ndakatarisa *necheuku*, *nechekumadokero*, zvino Dzakauya ndokungondisimudzira, mukati Imomo. Ndakabva ndangobuda mukuziva kwangu. Zvino imwe yaDzo, ichiuya, ndiYo yaitaridzika zvinoshamisa kwandiri, ndiyo Iyo yaiva kwangu. . . Kuri kuruboshwe, kwandakapinda nako muboka radzo. Asi tichiverenga kubva kuruboshwe kuenda kurudyi, ingadai iri iyo Ngirozi yechi 7, munoono, ichiuya. Zvino, rangarirai, Vatumwa 7.

³¹¹ Munorangarira here piramidhi yeDombo jena, yehope dzaJunior Jackson dzandakadudzira kwamuri? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Maona? Cherechedzai, husiku hwandakaenda, uye ini. . . Pane zviroti 6 zvakauya, uye chimwe nechimwe chazvo chakananga kuchinhu chimwe chete. Zvino chiratidzo chakatanga, uye chikandiendesa kumadokero. Zvino, Junior, akanga akatarisa apo. . . Cherechedzai. Tarisai kuti zvakakwana zvakadii!

³¹² Zvino, ndiri—ndiri kutarisira uye ndiri kuvimba kuti imi vanhu munocherechedza kuti ndiri kuedza kuisa nyasha idzi pana Jesu Kristu, Anova iye Muvambi waZvo zvose. Uye chikonzero choga chamusina kumbondinzwa ndichitaura seizvi kumashure, muhupenyu hwenyu, asi nguva iyi iri kusvika. Maona? Maona? Cherechedzai.

³¹³ Zvino kuzvisimbisa, kwamuri, kuitira kuti zvigonyatsorovedzerwa pasi. Ndiri kugadzirira kukusiyai zvakare. Handizive kwandichaenda. Ndinofanira kuparidza Vhangeri kune dzimwe nzvimbo. Asi zvino, izvo . . .

³¹⁴ Unogona kuti, “Ndakanzwa kupengereka kwese ikoko.” Handizive kuti chii; Handigone kutonga chero mumwe munhu.

³¹⁵ Ndinongofanira kuzvidavirira kuna Mwari pane zvandiri. . . pa—pachezvangu. Asi pane imwe nguva here yandakambokuudzai chero chinhu muZita raShe, chaiva chisina kunaka, mumakore ose aya? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Hapana mumwe munhu anogona kutaura kudaro, nokuti ndakagara ndichizvitauro nenzira chaiyo yaVakazvitauro nayo.

³¹⁶ Zvino regai ndikuratidzei kuti ichi ichokwadi chaicho, nekuchisimbisa.

³¹⁷ Zvino rangarirai, “Kana paine wemweya kana muporofita, ini Jehovha ndichitaura naye muzviratidzo, nekumuzivisa nezviroti.” Kududzira zviroti, ndiko kwacho. Josefa, aigona kududzira zviroti, nekutaura uye—uye kuona zviratidzo. Ichokwadi here?

318 Zvino cherechedzai izvi, kuti, zvino, izvi pazvakaitika, Junior ainge akamira mumunda waiva une—waiva une piramidhi huru mairi, saizvozvo. Uye paiva nechimwe chinhu chakanyorwa pamatombo, uye ndakanga ndichiZvizarura kuanhu. Ndizvo here, Junior? [Hama Junior Jackson vanoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Rinenge gore zvisati zvaitika.

319 Uye cherechedzai chinhu chinotevera zvino. Ndakatora chimwe chakaita semugwara ndikaRitema richibva, zvino mukati maiva neDombo jena rakanga risina chakanyorwa paRiri. Uye, panguva iyoyo, ndakatanga kuenda kumadokero. Uye ndakavaudza vese, ndikati, “Musaenda kumadokero. Garai pano mutarise pane iZvi kusvikira ndadzoka.” Ndakaenda kumadokero, ndichiendera kuputika uku; ndikadzoka kumabvazuva, neMweya Mutsvene ndokududzira Shoko iri risina kunyorwa. Zvino, kana vasiri Mwari Samasimba zvakanatsokwana, ndoda kuti muzive kuti chii.

320 Chii chandiri kuedza kuzvitauro izvi, shamwari? Kukuratidzai kuti tava panguva yekupedzisira. Zvino, kana zvimwe zacho zvachinyatsoenderana neShoko zvakanwana, ndizvo zvazviriwo neiZvi zvinonyatsoenderana zvakanwana neShoko! Tiri pano. Tava kumagumo, shamwari.

321 Nenguva isipi kuchange “nguva yapera.” Mamiriyoni vacharasikirwa nehupenyu hwavo. Mamiriyoni vachava, avo zvino vanotenda kuti vakaponeswa, vachaverengwa semarara anopiswa emuzera remabhambhu eatomiki. Tiri kurarama panguva yekupedzisira. Nenyasha dzaMwari Samasimba, nerubatsiro rwaVo kuanhu vaVo, kuti vatarisire pakuonekwa kwaKristu nenguva isipi! “Inguva yakareba zvakadii, Hama Branham?” Pamwe makore 20; pamwe mumakore 50; pamwe mumakore 100. Handizive. Uye pamwe kuseni chaiko; pamwe manheru ano. Handizive. Uye chero ani zvake anoti vanoziva, vanoreva zvisiri izvo. Maona? Havazivi. Mwari, chete, ndivo vanoziva.

322 Zvino cherechedzai. Zvechokwadi chaizvo, naMwari, ndinotaura Chokwadi, kuti Izvi zvinonzverwa pamweya kwandiri, zvinonzverwa neMweya Mutsvene. Uye, nechimwe-nechimwe chaZvo, chakanwana nzvimbo yaCho muBhaibheri.

323 Zvino, zviri chakavanzika chikuru ichi chiri pasi peChisimbiso ichi, handizive. Handichizive. Handina kukwanisa kuchibata. Handina kukwanisa kuChiziva, zvacho zvaCha—zvacho zvaChareva, asi ndinoziva kuti Yanga iri Mitinhiro Minomwe iyi yaitinhira pachayo zviri pedyo nepedyo, ichidhiriridza nguva 7 dzakasiyana. Zvino Chabhedhenuka kuita chimwewo chinhu chandaona. Zvino, pandaChiona, ndatsvaga dudziro yacho. Yabhururuka ichipfuura naipapo, zvino ini handina kukwanisa kuona kuti Chii. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Nguva chaiyo yaCho haisati yanyatsokwana.

324 Asi, Chiri kufamba chichipinda mudenderedzwa iri, munooni. Chiri kuswedera pedyo. Saka, chinhu chamunofanira kuita kurangarira kuti ndinotaura kwamuri nemuZita raShe. Ivai makagadzirira, nekuti hamuzive nguva inogona kuitika chimwe chinhu.

325 Zvino, kana zvaenda patepi, panova paZvaiswa, zvichida zvichazoendesa 10,000 shamwari dzangu kure neni. Nekuti, vachataura ivo, kuti, “Hama Branham vari kuedza kuzviisa pachavo, nekuzviita pachavo, mu—muranda kana muporofita, kana chimwe chinhu, pamberi paMwari.” Regai ndikuudzei, hama dzangu, ikoko kukanganisa.

326 Ndiri kungokuudzai zvandaona uye zvandaudzwa. Uye saka imi—imi itai chero zvamunoda henyu kuita. Handizive kuti ndiani acha . . .kuti chii chichaitika. Handizive. Ndinongoziva kuti Mitinhiro Minomwe iyoyo inobata chakavanzika ichi. Matenga ainge akanyarara. Munhu wese anzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Inogona kunge yava nguva yacho, ingangova iri awa yacho zvino, kuti munhu mukuru uyu watiri kutarisira kusimuka panzvimbo anogona kusimuka panzvimbo.

327 Zvichida shumiro iyi, yandakaedza kudzosera vanhu kuShoko, ndiyo yakaisa nheyo; uye kana yakadaro, ndichange ndichikusiyai, zvachose. Hapazove ne 2 vedu pano panguva imwe chete. Maona? Kana zviri izvo, achasimuka; ini ndichaderera. Handizive.

328 Asi ndapihwa mukana, naMwari, wekutarisa nekuona zvaChange chiri, munooni, ndokuona chichibhedhenuka kusvika pakadaro. Zvino, ichocho iChokwadi.

329 Uye ndine chokwadi chekuti makacherechedza zvinhu zvanga zvichiitika vhiki rino. Ndine chokwadi kuti makacherechedza uyo mukomana mudiki wekwaCollins akarara apo, achifa, humwe husiku; musikana mudiki uya, wekenza yemuropa.

330 Humambo hwaMwari huri kuuya. Uye Huri kuwedzera kubva pakuva mumvuri huchiva mazvirokwazvo, sezvahaiva. Zvino, izvozvo hazvifanirwe kudzipa vanhu. Kubva pakururamiswa, kusvika pakucheneswa, kusvika parubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uyezve *pano, pano*. Maona? Tiri kungoswedera pedyosa naMwari, nguva dzose.

331 Hamuone here, vashumiri veMethodisti, kuti mharidzo yenyu yekucheneswa yaiva pamusoro peyakaparidzwa naLuther?

332 Imi maPentekosti, hamuone here kuti mharidzo yenyu yerubhabhatidzo inodarika iyo yakaparidzwa nemaMethodisti? Munoziva zvandiri kureva?

333 Oo, takava nezvinhu zvakawanda zvakafambira mberi! Uye ndizvozvo. Uye kana paine chero ani zvake anozvidza chakaipa, uye vanhu vachitaura chimwe chinhu chinotori nhema uye chisiri Chokwadi, ndinozvivenga izvozvo.

334 Asi ndi—ndinoda Chokwadi chakasimba, zvisinei nekuti Chinovhiringa sei nenzira *iyi* kana nenzira *iyoyi*. Kana Chiri Chokwadi, Mwari pakupedzisira vanochoChiratidza seChokwadi. Uye kana Vakasadaro, rimwe remazuva ano pasina nguva refu, ipapo chiratidzo changu chakanga chisiri icho. Zvino munoono pandangozviisa ini pachangu.

335 “Zvichava riinhi, Hama Branham?” Handigone kukuudzai. Handizive.

336 Asi, rimwe remazuva ano, kana tikasazosangana zvakare panyika pano, tichasangana mhiri uko pa—paChigaro cheKutonga chaKristu. Uye muchaona, kuti, mukamuri iyoyo, chizaruro chaibva kuna Mwari, sezvakaita zvimwe zvose, kuti iZvo...Chimwe chezvakananzika Chechisimbiso ichi, chikonzero Chisina kuzarurwa, yaive Mitinhiro Minomwe yakareva manzwi aYo. Zvino heChoka icho, chakanyatsokwana. Nokuti, hapana chinoziva chinhu pamusoro paCho. Hachina kana kumbonyorwa. Saka, tave panguva yekupedzisira. Tiri pano. Ndinotenda Mwari nekuda kweShoko raVo.

337 NdinoVatenda nekuda kwaJesu Kristu. Nekuti, dai vasina kuMutumira ku—kuyanansira zvivi zvedu, tose tingadai tiri mumatope makuru echivi, tisina tariro. Asi, nenyasha dzaVo, Ropa raKe—raKe rinosuka chivi chose. Sezvakangoita donhwe reingi mumugomo uzere neClorox, hauzowana ingi iyoyo zvakare. Kana zvivi zvedu zvareururwa, zvinoiswa muRopa raJesu Kristu; hazvizofi zvakananzika zvakare. Mwari vanozvikanganwa; hazvina kana kumbobvira zvakananzika. Uye chero bedzi Chibairo ichocho chiripo ipapo chichitiyanansira, saka ndizvo zvoga. Ndizvozvo, munoono. Isu—isu hatichisiri vatadzi zvachose. Tiri Makristu, nenyasha dzaMwari. Rangarirai, pachezvedu matiri zvichida taizova takangoipa sezvatakanga tingori. Asi, munoono, nyasha dzaMwari dzakaonekwa kwatiri, uye ndidzo dzakaita kuti tive zvatiri nhasi uno, hama nehanzvadzi dzeChikristu.

338 Rino ranga riri vhiki rakanakisisa kwandiri. Ndaneta. Pfungwa dzangu dzaneta. Nekuti ini—ini ndine... nezvakanakisisa zvandaigona kuita. Uye nechimwe chinhu chinoshamisira chichiitika, zuva nezuya. Ndaishamisira; kufamba ndichipinda mukamuri, uye ndovemo kwemaminitsi mashoma, uye ndoona Chimwe chinhu chichingonditendeutsa zvachose.

339 Uye, pano, ndaipindamo ndichitora zvinyorwa. Ndaitora mabhuku aChiremba Smith, Uriah Smith, uye, oo, va—vanyori vose nezvose, uye ndoverenga, ndoverenga mumabhuku avo. Ndoti, “Zvino *hechi* Chisimbiso Chechitanhatu. *Hechi*

Chisimbiso Chechina. Zvino murume uyu anoti kudii? Aiti, ‘Zvakanaka, Chaiva *ichi, icho*, kana *chimwewo*.’ Ndaizotarisa neche apa ndotora mumwe murume. Aiti Chaiva *chakati-nechokuti*. Uye zvaiita sekunge ndango... Hazvina kungonyatsobuda zvakanaka. Maona?

³⁴⁰ Ndakabva ndafunga kuti, “Saka, Chii, Ishe?” Zvino ndaifamba ndichikwira nekudzika imomo kwechinguva. Ndaipfugama pasi ndonamata. Ndaidzokera ndotora Bhaibheri; ndogara pasi, ndoverenga. Ndo famba-famba ndichikwira nekudzika.

³⁴¹ Zvino, kamwe-kamwe, pandinenge ndanyarara, hecho Chaibva changobhedhenuka saizvozvo. Zvino ndobva ndatora chinoyoreso nekukasika chaiko, ndotanga kuZvinyora pasi saizvozvo, chero zvipi zvandaiona nekuita. NdakaChitarisa, saizvozvo, kusvikira ndaZvinyora pasi.

³⁴² Ndaibva ndatora, chimwe chikamu chezuva chasara, ndodzika ndichiZvionda, ndoona kana Zvichibatana nzira yose zvichidzika nemuMagwaro. Zvino, “Edzai zvinhu zvose.” Maona? Ndine iChi pano.

³⁴³ Uye ndinofunga, “Zvino, kune vanhu vazhinji vaiva nezviratidzo. Pane vakawanda vaiva muzvizaruro.” Kana zvichipesana neShoko, zvisiyei zvakadaro; ndizvozvo, zvisiyei zvakadaro.

³⁴⁴ Zvino, zvino, ndaizobva ndatevedza Izvi kunyangwe kutodzika zasi *sezvivi*, kuzvitevedza ndichidzika *sezvizvi*. Ndainyora pasi zvinhu zvishoma apa. Ndaifunga, “Saka, zvino, kirasi ichafara kunzwa izvi, nokuti zvinobatana *apa* zvobatana *apa*. Zvino, ngationei, izvi zvinotii *apa*? Ehe. Uye, hongu, hezvinoi izvi, ipo pano *apa*.” Maona?

³⁴⁵ NdoZvidzosa nemuBhaibheri, uye ndosunganidza nyaya yacho zvichidzika, nemuvhiki rose. Hezvoka iZvo, zviripamatapi. Munotenderwa kwaari. Uye ndakazviita mukuziva kwangu kwakanakisisa, pasi peruwadzano rweChikristu, nyasha dzaMwari, kuvanhu vose, naJesu Kristu. Ndakaita zvakanakisisa chaizvo pakuziva kwangu.

³⁴⁶ Mange muri imwe yemakirasi akanakisisa. Hapana munhu aizogona kunge akagara zvakanakisa kudai. Mese maipinda muno na 1 o'clock masikati, kusvika 5 o'clock, kusvika chero pavaizozarura chechi uye vakaunza...vorega vanhu vachipinda. Makamira muchando; makagara muchando; mukaita zvose; mukamira nemadziro, kusvikira makumbo enyu ave kurwadza. Ndaiona varume, vakagara pasi. Voita kuti madzimai agare, uye vakasiyana-siyana vaisimuka, uye saizvozvo, vakagara. Ndikafunga kuti, “Ishe, zvose...”

³⁴⁷ Rino range riri vhiki rinokatyamadza. Chinhu chose changa chiri sechishamiso, kuti, vanhu pavaiuya, wovaona vakamira panze, mumahwindo, mumasuwo, kumashure kuseri

kumashure, kwese-kwese, vachiteerera. Uye zviri zvekuva mutauri, ndiri kure nekunge ndiri mutauri. Ndi—ndine hungwaru hwakawanda, zvekuziva kuti handisi, kuti handisi mutauri. Asi nei vanhu vachizogara vachiteerera zvakadaro? Vanombozviitirei? Havauye kuzonzwa munhu akaita seni. Asi vari kuuya nekuti pane Chimwe chinhu mazviri, chiri kukweva vanhu. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Pane Chimwe chinhu mazviri, chiri kuvakweva.

³⁴⁸ Semudzimai wangu akamira pano papuratifomu achiimba, pandakatanga:

Vanobva Kumabvazuva neKumadokero,
Vanobva kunyika iri kure,
Kuzodya naMambo, kudya semueni waKe;
Vakaropafadzwa zvikuru vafambi ava!
Vachitarira chiso chaKe chakayereswa
Chichibwinya neChiedza chaMwari;
Vagoverani venyasha dzaKe vakaropafadzwa,
Sematombo anokosha mukorona yaKe
achipenya.

³⁴⁹ Dai mukagara makazvichengeta izvi mupfungwa, “Kuva dombo rinokosha muKorona yaJesu Kristu.” Pauro akati kuChechi, “Muri—muri zvisihongo zvinokosha, kana, matombo anokosha eKorona yaKe.” Tinoda kuva matombo anokosha eKorona yaJesu Kristu.

³⁵⁰ Hatidi, usamboisa munhu mazviri. Imi kanganwai chero chinhu pamusoro pangu. Ndiri hama yenyu, mutadzi akaponeswa nenyasha, asingakodzere kurarama. Ndicho chokwadi chaicho. Handisi kutaura izvi kuva ndakazvininipisa; ndizvo zvazviri. Hapana chinhu mandiri, kana chinhu chimwe chete chakakodzera, zvachose.

³⁵¹ Asi nyasha dzaMwari dzaita kuti maziso angu anonzwise urombo, asisaoni zvakana atarise seri kwechidzitiro chenguva uye agoona zvinhu izvozvo mhiri uko, zvino ndikadzoka.

³⁵² Pandaiva kakomana kadiki, ndaida vanhu. Ndaigara ndichida kuti mumwe munhu andidewo agotaura neni. Hapana aizviita, nekuda kwezita remhuri yedu. Hapana aitaura neni.

³⁵³ Asi pandakazvipira kuna Mwari, zvino... Vanhu vedu, kwatinobva, nokuva ndiri muIrish, ndakafunga, “Pamwe... Vose vaiva maKatorike, uye pamwe zvaizova zviri iZvo.” Ndakaenda *ikoko*, zvino Vaiva kumwewo. Uye ndikaenda zasi kuchechi yeFirst Baptist, zvino Vakanga vari kumwewo.

Ndikati, “Ishe, panofanira kuva neimwe nzira inova yechokwadi.”

Zvino Chimwe chinhu chakati, “IShoko.”

Ndakabata Shoko iroro. Tarisai chiratidzo chega-chega, kwese-kwese.

354 Zuva randakaisa ibwe repakona riya apo, ndokuisa izvo imomo, ndakanyora ipapo zvaVakandiratidza mangwanani iwayo muchiratidzo. “Iva wakagadzirira munguva yakafanira, kunyange isakafanira; tsiura nemoyo murefu wose uye neDzidziso. Nekuti nguva ichasvika yavacharamba kutsungirira paDzidziso yakarurama; asi maringe nekuchiva kwavo vachazviunganidzira pamwe chete, savadzidzisi, vaine nzeve dzinovavira; uye votsautswa kubva paChokwadi, kuenda kungano.” Zvino ndakaona miti 2 iya, yandakamira pairi, ichiita zvimwe chete izvozvo. Ndizvozvo. Zvino hapoka patiri. Uye ichokwadi. Uye, zvino, hau. . .

355 Rangarirai. Regai ndikukurudzirei zvakare. Musati, “Mazvita,” kuna ani zvake, zvachose. Musataure, kufunga kuti, mumwe mushumiri kana chimwe chinhu, mumwe munhu anofa; pane chimwe chinhu chakanaka paari. Nekuti, hapana. Handina basa kuti ndiani. Hapana chakanaka kumunhu chero upi zvake. Ndizvozvo chaizvo.

356 Kana paine chitsamha chehwamanda dzakaradzika apa, uye imwe yadzo ichifanira kurira mumwe mumhanzi, munhu wacho. . .Hwamanda idzi hadzina kana ruzha. Ndeuyo muchinda anogona kuridza hwamanda, anoziva zvaachaita, achasimudza hwamanda. Hwamanda hainei nechekuita nazvo. Ruzha rwunobva kune huchenjeri huri seri kwayo. Ndizvozvo chaizvo. Saka, hwamanda dzose dzakangofanana.

357 Vanhu vese vakangofanana. Makristu ese akafanana. Hapana varume vepamusoro pakati pedu. Hatizi varume vepamusoro, kwete madzimai epamusoro. Tese tiri hama nehanzvadzi, tese takafanana, tiri muchiyero chimwe chete. Hatisi “vepamusoro.” Mumwe haaita mumwe ave mukuru kupfuura mumwe, hachisi chinhu zvachose, chekuita. Kwete, changamire. Asi tese tinongori vanhu.

358 Usaedze kududzira zvinhu. Usaedze kuita chero chinhu chinopfuura kungorarama hupenyu hwemazuva ese, uchipa rumbidzo nerukudzo kuna Jesu Kristu. Munhu wese azvinzwisisa here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uye wobva waMuda nemoyo wako wese. Unozviita here?

NdinoMuda, (Uye ndichadaro!) NdinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

359 Mwari ngavarumbidzwe! Munhu wese anonyatsonzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munhu wese anotenda here? [“Ameni.”] Rangarirai pandakatangisa, “Ndianiko akatenda huchapupu hwedu? Ko ndiani akazarurirwa ruoko rwaShe?” Akakuzarurira here, tsitsi dzaKe, kunaka kwaKe? Amen. Ingorangarira, Mude nemoyo wako wese.

360 Ndave kudzokera kumba zvino. Ndichadzoka pano zvakare, Ishe vachitendera, zvekuma 1 Chikumi.

361 Zvichida, kana Ishe vakazviisa pamoyo pangu, pamwe pane imwe nguva mukutanga kuno kwezhizha, saChikumi kana kumwewo, zvichida kutanga kwechirimo, kana Ishe vakanonoka, ndinoda kudzoka ndigoita humwe husiku 7, hweHwamanda Nomwe dzekupedzisira. Mungazvida here izvozvo? Mungazvida here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mungandinamatirawo here, kuti Mwari vandibatsire? [“Ameni.”] Zvakanaka.

362 Kusvikira ndasangana nemi zvakare, rangarirai rwiyo urwu rwakanaka rwekare:

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

363 Zvino ndinoda kuti mukotamise musoro wenyu. Ndinoda kukunamatirai. Mufundisi vasati vatiparadzana, ndinoda kukunamatirai.

364 Baba vedu voKudenga, dai vanhu, Ishe, vakanzwisisa. Zvinova izvo, ndine chokwadi chekuti kune vamwe vasinganzwisise. Asi, Baba, dai va—vaziva chinangwa. Uye dai vanzwisisa, Baba, kuti—kuti inyasha dzeNyu kwavari kuti zvinhu izvi zvazarurwa. Uye ndinoda kuKutendai, Ishe, nekuda kweruzivo rwekuziva zvinhu izvi zvaMazarura kwatiri.

365 Uye ndinonamatira munhu wese ari pano, munhu wese apinda misangano iyi. Kana paine vamwe vasingatende, dai, Ishe, vakava vatendi.

366 Ndinonamatira vose vachanzwa Mharidzo patepi. Uye kana Ikawira, zvinova zvaIchaita, pasina kupokana, mudzimba uye nemunzvimbo dzevasingatendi vazhinji vachapikisa; asi, Baba, ndinonyengeterera mumwe nemumwe, kuti vasati vataura chero shoko ripi zvaro rekumhura, kuti vatange vagara pasi vagonzvera Magwaro nezvakarehwa, uyezve votaura kwaMuri kuti zvechokwadi vakaperera uye vanoda kuziva kuti ichi iChokwadi here, kana kuti kwete. Uye ndinovanamatira, Baba.

367 Uye ndinonyengeterera avo vanga vachimira pamadziro aya, vanga vakamira kunze, vanga vakagara mudzimotokari dzavo, nevana vaduku, navose vanga vari muno. Uye kungoti vose zvavo, Ishe, ndinovanamatira.

368 Uye ndinonamata kuti minamoto yangu igopindurwa, kuti Mugovaropafadza. Chekutanga, Ishe, ipai munhu wese Hupenyu Husingaperi. Ndinonamata kuti pasave ne 1 wavo anorasika, kana 1.

369 Uye zvino, Baba, hatizive kuti chitiko chikuru ichi chichaitika riinhi. Asi patinoona zviratidzo izvi zvichionekwa,

uye nezviitiko zveMagwaro, zvinofadza moyo yedu zvakanyanya kwazvo. Uye ndinonamata, Mwari Baba, kuti Mutibatsire.

³⁷⁰ Ndinonamata kuti Mugobatsira mufundisi wedu anodikanwa, Hama Neville. Vaitei, Ishe, vazare nenyasha uye vazare nesimba, uye nekunzwisisa, kuti vagatora Chikafu ichi chakachengetwa uye vape chikafu makwayana aMwari.

³⁷¹ Ishe, ndinonamata kuti Muchengetere hurwere kure nesu. Ngazviitike, kuti kana vanhu vakarwara, kuti vacharangarira Ropa raIshe Jesu riri pano uye rakazvikwanira muna zvose riri paartari, kuti riite yananiso. Uye ndinonamata kuti vapodzwe pakarepo.

³⁷² Uye ndinonamata kuti Mugarise simba raSatani riri kure navo, kuvaodza moyo, kana kuedza kuvaita mapoka evanotenda zvakatsauka. Kana kuti, ingogarisai masimba ose emuvengi ari kure, Ishe. Tichenesei kuShoko reNyu. Zviiteiwo, Ishe.

³⁷³ Zvino, Ishe, ndinonamata kuti Mundibatsire. Ini—ini—ndava kutanga kuchishaikwa, Ishe. Ndinoziva kuti mazuva angu haagone kuva akanyanya kuwanda. Uye ndinonamata kuti Mundibatsire, kundiita kuti ndive wechokwadi, Ishe, uye ndakatendeseka nekuperera, kuti ndigone kutakura Mharidzo kusvika kwandakatemerwa kuti nditakure. Zvino kana yasvika panguva yandinofanira kuti ndichirara pasi, uye ndadzika zasi kuRwizi, uye mafungu ochitanga kupinda, O Mwari, dai ndakwanisa kutambidza Munondo wakare uyu kune mumwewo munhu achange akatendeseka naWo, Ishe, uye achatakura Chokwadi. Zviitei, Ishe. Zvino, kusvika panguva iyoyo, ndibatsirei kuva ndakasimba uye ndiine hutano, nekuva ndakashinga.

³⁷⁴ Batsirai chechi yangu. Tiropafadzei pamwe chete, Ishe. Tiri veNyu. Tinonzwa zvino kuti Mweya weNyu uri pakati pedu. Tinotenda kuti Muchapindura minamoto yedu. Nokuti, tinozvikumikidza kwaMuri, neShoko reNyu, kushumiro kwemazuva edu ose asara panyika pano, muZita reMwanakomana waMwari, Jesu Kristu, Muponesi wedu anodikanwa, kuitira mbiri yaKe. Amenii.

Ndi . . (Mwari vakuropafadzei!) . . .
ndinoMuda (nemoyo wangu wose),
Nekuti ndiYe akatanga kundida.

³⁷⁵ Mwari vakuropafadzei, Hama Neville . . . ? . . . Garai panzvimbo yebasa . . . ? . . .

CHISIMBISO CHECHINOMWE CHINOENDERERA MBERI

³⁷⁶ [Uchangobva kupedza kunzwa *Chisimbiso Chechinomwe* chepakutanga sekuparidzwa kwachakaitwa muhuzaro hwacho hwose musu weSvondo manheru, Kurume 24, 1963 paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana. Hama Branham vaisada

kuti kurekodhwa uku kwepakutanga kugoburitswa. Zuva rakatevera, Muvhuro, Kurume 25, 1963, Hama Branham vakaenda kukamuri yemumotera yaHama Fred Sothmann naHama James Maguire, vanova ivo panguva iyi vaiona nezvekugadzirwa kwematepi. Hama Branham vakaudza hama idzi, “Handisi kuda kuti mharidzo iyi itumirwe kunze iri zvairi.” Mushure mekuteerera tepi yacho pachavo, vakarayira hama idzi kuti dzimise tepi iyi pane imwe nzvimbo, uye panzvimbo iyoyo (kutanga kwendima nhamba 261) vakarekodha chikamu chitsva chemaminitsi angangoita 20 pakureba (ndima 377-415). Chikamu chitsva ichi chakazoshandiswa chichitsiva kupedziswa kwepakutanga (ndima 261-375). Kurekodhwa uku ndiko kwaiva mhando yega yakaburitswa ye*Chisimbiso Chechinomwe* kusvikira 1966. Mushure mekunge Hama Branham vasisipo, bhodhi reWilliam Branham Evangelistic Association vakabvumirana vose kuburitsa tepi yakatanga kurekodhwa patabhenakeri. Kubva panguva iyoyo, mhando dzese dziri mbiri dzakange dzave kuwanikwa. Takaisa zvino mharidzo iyi yakawedzerwa yeHama Branham patepi imwe chete, ne *Chisimbiso Chechinomwe* chepamavambo. Inzwi rinotevera ramunonzwa vachange vari Hama Branham mukamuri yemumotera musu weMuvhuro, Kurume 25, 1963—Mupepeti]

³⁷⁷ Chichava chinhu chakanaka kuti hapana chaanoziva nezvaCho. Nokuti, kana aiziva, zvino aizoChitevedzera. Ndiwo mano ake pakuita zvinhu.

³⁷⁸ Saka, naizvozvo, Mwari vakaChiita kuti chive chakavanzika kwazvo kune pasi rose, kunyangwe Kudenga, zvekuti hapana nzira yekuChinzwisisa nayo, kunze kwekunge Mwari vaChizarura, pachaVo.

³⁷⁹ Zvino ndinoda kuti mucherechedze, manheru ano, kuti muChisimbiso Chechitanhatu, maiva ne—nechinangwa chakapetwa ka 3 cheChisimbiso Chechitanhatu.

Paiva nechinangwa chakapetwa ka 3 chevatasvi vemabhiza.

³⁸⁰ Paiva nechinangwa chakapetwa ka 3 muzvinhu zvese izvi. Zvinotidzosera kuna 3. Uye 7, zvakare, munoona, Zvisimbiso Zvinomwe, Ndiro dzematenda Nomwe, nezvimwe zvakadaro. Zvino, mune ma 3 nema 7, inhamba yaMwari mumasvomhu aVo ekuzarura Shoko raVo.

³⁸¹ Zvino cherechedzai, sezviri muva—va—vatasvi, zvino, pakava nemabhiza 3 akabuda. Rimwe racho raiva jena, rimwe raiva dzvuku, rimwe raiva dema. Uye zvakare, mubhiza rechi 4, handiti, ose akanga asanganiswa pamwe chete. Munoona, chinangwa chakapetwa ka 3.

³⁸² Zvino, Mwari vakaita zvimwe chetezvo. Mwari vakaita zvimwe chete paVakatuma shumba yaVo, iyo yaiva Shoko raVo, kuti irwise antikristu.

383 Zvino tinoona kuti Vakatumira nzombe panguva yeku—yekutambudzika, mhuka yechibairo. Uye munguva iyi yekutambudzika, ndizvo zvoga zvaigona kuitwa nevanhu, kwaiva kungoshanda, kufondoka, uye nokuzvipira sechibairo.

384 Zvino tinozoona, muzera raitevera, raiva zera revavandudzi, Mwari vakatumira huchenjeri hwemunhu, musoro wakafanana newemunhu paChipuka, iro raive simba rakaenda muvavandudzi.

385 Zvino macherechedza here? Zvose...Ndosaka vanhu vemazuva ano vachiri kugara mubhabharasi racho, sezvazvakanga zvakaita kubva muzera revavandudzi, nekuti vanongozviona ne—nenzira iyo chechi inozvitarisa nayo. Vanozviona nenzira iyo yazvakadzidziswa nayo nemaseminari. Ndiyo yakanga iri nzira yaMwari pane imwe nguva, asi tave kurarama zvinopfuurira izvozvo.

386 Zvino tiri muchizvarwa chechapungu, chizaruro chichazozarurwa, chinhu chacho chose. Zvino enzanisai izvi naZvakazarurwa chitsauko 10, ndima 1 kusvika 7. Uye tichaona pano muna Zvakazarurwa uyu, Zvakazarurwa pano, 10:1 kusvika 7, kuti, “Mumazuva ekuridzwa kweMharidzo yemutumwa wechi 7, kwaiva kuchipedzisa zvakavanzika zvose zvaMwari.”

387 Zvino tinoona, zvakare, mune izvi, kuti Chisimbiso Chechitanhatu, chinova chakazaruka zvino, chakaitirwa chinangwa chakapetwa ka 3. Zvino, hezvinoini zvinangwa zvacho.

388 Chekutanga, chaiva, chekuti mhandara yakarara yaifanira kupfuura nemunguva yeKutambudzika kuti igocheneswa. Yaifanira kunatswa pazvivi zvayo zvekusatenda uye nekuramba Mharidzo. Izvi, yakazviitwa munguva yeKutambudzika. Tinoona vanoperera pano muna Zvakazarurwa 7, pakati pechitsauko 6 ne 7 pano, kuti yakanga yanatswa, uye yakange yapihwa nguwo dzayo. Zvino, haisi iyo Mwenga. Asi ichechi, vanhu vakachena va—va—vakanga vasina mukana, pamwe, wokugamuchira Mharidzo, kana kuti neimwe nzira vakanga vakapofomadzwa nevapofita venhema ava. Uye ivo—ivo havana kuwana mukana, uye zvakadaro vakatoperera zvikuru mumoyo. Uye Mwari vanoziva moyo wavo. Uye pano vakanatswa, panguva iyi.

389 Munozvicherechedza, kuti imwe nguva yekunatswa, ndeye Israeri, painoungana. Ndicho chikamu chakapetwa chechipiri. Mwari vanonatsa Israeri munguva yeKutambudzika. Kubva mumamiriyoni achaungana ipapo, pachava nevakasarudzwa 144,000, uye vachanatswawo, zvakare. Mwari vari kunatsa Israeri.

390 Cherechedzai, kune pasi rose rinofanira kunatswa. Kuchava nechinhu chakadaro chekuti mwedzi, nyeredzi, uye nezvisikwa zvose, zvichanatswa. Munooni kuti chii? Nyika iri

kuzvivandudza pachayo, ichinatswa, ichigadzirira Mireniyamu. Mireniyamu iri kuuya. Uye, munoono, chose chine tsvina machiri chinofanira kunatswa munguva yeChisimbiso Chechitanhatu.

³⁹¹ Zvino, zvino, munocherechedza here? Pakuvhurwa kweChisimbiso Chechinomwe ichi, chinovawo zvakare mune chakavanzika chakapetwa ka 3. Ichi, ndambo...ndichataura uye ndambotaura, kuti ndicho chakavanzika cheMitinhiro Minomwe. Mitinhiro Minomwe iri Kudenga ichabhedhenura chakavanzika ichi. Zvichange zviri chaipo paKuuya kwaKristu, nekuti Kristu akati hapana anoziva paAizodzoka.

³⁹² Macherechedza here, maJudha pavakaMubvunza izvozvo? Ziva...Patakaenzanisa Gwaro pano naMateo 24, neZvisimbiso 6, Chisimbiso Chechinomwe chakasiwa. Nokuti, munoono, Kristu akati, “Mwari voga pachaVo ndivo vanoziva; hapana kunyangwe Ngirozi.” Ndosaka, Chakanga chisina kana kutombonyorwa. Munoono, dzakanyarara; hapana chinoitika ipapo. Ngirozi hadziChizive. Hapana anoziva paAchauya.

³⁹³ Asi kuchava ne—kuchava ne—neManzwi Manomwe, eMitinhiro iyi, ichazarura chizaruro chikuru panguva iyi. Saka, ndinotenda, kwatiri isu vaka...Kana tisingaChizive, uye kana isu...haChisi kuzozivikanwa kusvikira panguva iyoyo. Asi zvichazarurwa muzuva iroro, munguva yazvinofanira kuzarurwa mairi. Saka, chinhu chatinofanira kuita ndechekuva tinoremekedza pamberi paMwari, nekuVashumira, uye nokuita zvose zvatinoziva kuita, nekurarama hupenyu hwakanaka, hweChikristu. Pano, zvino, tinoona kuti Chisimbiso Chechitanhatu chakazarurwa kwatiri; tinoChiona. Uye tinoziva kuti Chisimbiso Chechinomwe ichi hachigoni kuzarurwa kuruzhinji kusvikira nguva iyi yasvika.

³⁹⁴ Zvino, paiva nechimwe chikonzero chakaita kuti Mwari varege Manzwi Manomwe aya achitinhira. Nokuti, Chinofanira kuuya, munoono. Nokuti...Tinoona kuti Kristu, Gwayana, rakatora bhu—Bhuku riri muruoko rwaKe, uye Akazarura Chisimbiso Chechinomwe ichi. Asi, munoono, ichakavanzika chakavanzwa. Hapana anoChiziva. Asi, iCho—iCho, pamwe chete neizvo zvaAkataura, “Hapana aizoziva Kuuya kwaKe.” Vaisazozivawo nezvechakavanzika cheKutinhira Kunomwe uku. Saka, munoono, zvakabatana pamwe chete.

³⁹⁵ Kusvika ipapo, tine kunzwisisa kwaCho, nhasi, nekuti zvimwe zvaCho zvose zvakabhedhenurwa; asi ichi hachina kubhedhenurwa. Asi ndigere mukamuri yangu, zvino ndanzwa izvi...kana kuti, handina kuzvinzwa, waro, asi ndaChiona chichibhedhenuka kusvika paMitinhiro Minomwe iyi. Zvino, ndipo bedzi patinogona kusvika, ipapo chaipo.

³⁹⁶ Uye zvino ndinovimba kuti mumwe nemumwe wenyu achashumira Mwari nekuita izvo zvakarurama. Uye nekuVada,

hupenyu hwako hwose, nekuVashumira. Uye Mwari vachaona pamusoro pezvezvimwe zvose.

³⁹⁷ Zvino, tinazvo, zvakapedziswa pano zvino, nenyasha dzaMwari, zvese zvakananzika zveZvisimbiso 6 zvanga zvakanamarwa mukati, uye tinonzwisisa nekuziva pano kuti Chisimbiso Chechinomwe hachifanire kuzivikanwa kuruzhinji.

³⁹⁸ Zvino, Kuuya kwaKe, panguva yeKuuya kwaKe, pakuparadzwa kwenyika, munoziva. Akati ipapo, “Chii chichava chiratidzo chekuuya kwemagumo enyika?” Muna Mateo 24, umo mavakaMubvunza mubvunzo uyu. Akadzika kune iwoyo. Akataura nezvekuunganidzwa kweIsraeri serudzi, mundima 31, yaMateo 24:31. Asi ipapo Akabva atanga nemifananidzo, munooona. Zvino mobva maona... “Dzidzai mufananidzo wemuonde. Pamunouona uchitungira mabukira awo, handiti, munoziva kuti pfumvudza yava pedyo. Uyezve kana mukaona izvi zvichiitika, zvino zivai kuti nguva yava pedyo.” Munooona, Israeri ichiungana munyika yekumusya kwayo. Asi, munocherechedza, Akasiya chizaruro cheChisimbiso Chechinomwe ichi.

³⁹⁹ Uye pano, apo Chisimbiso Chechinomwe ichi, paAkaChizarura, AkaChisiyawo zvakare, munooona. Saka tinoona kuti Ichakananzika chakazara, naizvozvo nguva haisati yasvika yekuti chakananzika chizivikanwe. Nekudaro, tasvika pano apa, uye zvimwe zvaCho zvichazovikanwa panguva iyo apo Jesu achakananzika panyika zvakare, achivinga Mwenga waKe, kana chero chipi zvacho chinaitika panguva iyi. Zvino, kusvika panguva iyoyo, tose ngatingonamatai, tirarame hupenyu hwakanaka, hwakatwasuka, hweChikristu, tichitarisira Kuuya kwaKe.

⁴⁰⁰ Uye zvino kana tepi iyi zvikanaitika kuti yawira mumaoko evamwe vanhu kune imwe nzvimbo, musaedza kuita chero imwewo mhando yechitevedzwa kubva mairi. Chinhu chega chaunoita, ingoramba uchishumira Mwari. Nekuti, chakananzika chikuru ichi chakakura kwazvo zvekuti Mwari havana kana kutendera Johane kuti aChinyore. Chakatinhira, asi iVo. . . nekuziva izvozvo, vachitivimbisa kuti Chaizozarurwa. Asi, kusvika panguva ino, haChisati Chazarurwa.

⁴⁰¹ Uye zvino tinotenda Mwari nezvaVakatiratidza. Ndanga ndigere mukamuri umo kumusoro uko kwemazuva 8. Uye Mharidzo yandichangopedza kukutsanangurirai, vazhinji venyu pano muchanzwisisa. Uye ndakavimbisa kuti paiva nechimwe chinhu chiri kuitika, chemweya, nguva dzose, chandaiva nechokwadi chekuti maichipotsa. Uye hechino zvachiri; ndiko kusimbiswa kwakakwana kwedudziro iyi yeMagwaro achitumwa naMwari.

⁴⁰² Nekuti, tisati tatombopinda maChiri, zvino ndakabva ndichienda kumadokero, Ishe vakandiratidza chiratidzo rimwe

zuva, nguva dzingaita ten o'clock, mamwe mangwanani. Zvino ndakauya ndikachitsanangura pano, kuti ndakanga ndachiona; handina kuziva kuti chaiva chii. Raiva boka reNgirozi 7. Ticharangerira izvozvo. Muchazviwana patepi, inonzi, *Inguwai, Changamire?* Zvakanaka, zvino, ndizvo chaizvo zvamuri kuona zvino. Ngirozi 7. . . Ndakanga ndiri kumadokero.

⁴⁰³ Munorangarira, tunhume tudiki-diki; twakaenda kumabvazuva. Nhume dzechipiri, njiva, shiri yakati kurei zvisoma, dzakaenda kumabvazuva. Ndikabva ndatarisa. . . Dzaiva neni, nguva dzose. Ndiko kwaiva Kudhonza Kwekutanga neKwechipiri.

⁴⁰⁴ Zvino, Dzechitatu dzakauya dzichibva kumadokero, dzichibhururukira mberi nekumhanya kukuru, kunotyisa, ndokubva Dzandisimudza. Ndiko kwaive kudzoka kumabvazuva, nechakavanzika cheZvisimbiso Zvinomwe izvi. Sekutaura kwazvakaita mu—muchiroto chaJunior Jackson, icho Ishe vakanditendera kuti ndimududzirire ipapo, “Mukati mepiramidhi iroro, maiva neDombo jena rakanga risina kunyorwa pariri.” Ndicho chikonzero ndakazoenda kumadokero, kuti ndibatane neMharidzo yeNgirozi idzi, kuti ndidzoke kuno kuzoIzarura kuchechi. Rangarirai, ndakati, “Zvinhu zvinotevera zvinoitika zvichava pano pachechi.” Ndizvozvo chaizvo.

⁴⁰⁵ Chimwe chinhu, ndinoda kuti mucherechedze zvakaatika. Uye kana uri kuteerera kutepi, yekuti *Inguwai, Changamire?*, muchacherechedza kuti imwe Ngirozi yaionekera zvakananyanya kwandiri. Dzimwe dzaCho dzose dzaingoratidzika kuve dzemazuva ese. Asi Ngirozi iyi yaive Ngirozi inoonekera. Yakanga iri kuruboshwe rwangu, iri muboka riri muchimiro chepiramidhi.

⁴⁰⁶ Uye, rangarirai, maiva mupiramidhi, umu maiva neDombo jena rinoshamisa rakanga risina kunyorwa pariri. Zvino Ngirozi dzakanditora ndokundipinza mupiramidhi riya raDzo, zvakananzika zvaMwari zvichizivikanwa naDzo dzoga. Uye, zvino, ndiDzo dzaiva Nhume dzakanga dzauya kuzodudzira piramidhi iyi, kana Mharidzo iya yechakavanzika cheZvisimbiso Zvinomwe zviri mukati mepiramidhi.

⁴⁰⁷ Zvino, Ngirozi, yakanga iri kuruboshwe kwangu, yaizova chaizvo Ngirozi yekupedzisira, kana yechi 7, kana taiDziverenga tichibva kuruboshwe kuenda kurudyi. Nekuti, Yakanga iri kuruboshwe rwangu; ini ndakatarisa kwaIri, ndakananga kumadokero, iYo ichiuya yakananga kumabvazuva, yaiva kurutivi rweruboshwe. Saka, ndiyo yaizova Mharidzo yengirozi yekupedzisira, yaionekera kwazvo. Rangarirai kuti ndakati Yaiva newaYo, yakadzosa musoro waYo kumashure; nemapapiro aYo makuru, akapinza; uye kuti Yakabhururuka chaizvo ichiuya kwandiri. Zvino, ndicho Chisimbiso Chechinomwe ichi. Chichiri

chinhu chakatanhamara. Uye tiri. . . Hatisati taziva kuti Chii, nazvino, nekuti haChisati chatenderwa kuparurwa.

408 Asi zvino, mumwe nemumwe wenyu ari mumusangano akazvicherechedza, kuti wanga uri musangano wakadini! Munhu wese aingoita kunge ari. . . pamucheto chaipo pechigaro chavo. Uye munhu wese aive akamira pano, na one, two o'clock masikati, vachimirira kuti mikova izarurwe, vouya kuno kumberi. Vakamira nemadziro; mitezo iine chiveve, nezvimwe zvose.

409 Chii ichocho? Wanga uri Mweya Mutsvene uchitumira zasi Nhume idzi, uye Dzanga dzichiZvizarura kwatiri. Uyezve cherechedzai kuti Zvanga zvichipindirana sei neShoko, nemazvo chaimo.

410 Uye zvakare nokukuzivisai mose kuti ichi iChokwadi, Akafanozvitaure inenge—inenge mwedzi 2 zvino, kana kupfuura, zvisati zvaitika. Kuti, pandakaenda kumadokero, ndisingaZvizive; ndokudzoka pano nedudziro sekuIpa kwaAkaita. Zvino rangarirai, muchiratidzo, Haana kumbondiudza chinhu 1 muchiratidzo paAkanditakura mudenga. Ndaitya, ndichitya kuti ndaizofa, kuurayiwa mune kumwe kuputika. Munoono, haDzaikwanisa kuzviita.

411 Dudziro yakauya apo chaipo pandakanga ndiri kuIda, maiva mukamuri, zvino ndakaIpa sekungoIpa kwaAkaita.

412 Zvino, munoono, shamwari, zviratidzo hazvikundike. Zvinogara zvakakwana nguva dzose. Zvinongori zvechokwadi chaizvo.

413 Zvino, chiratidzo, pamwe neShoko, pamwe nenhoroono, pamwe nemazera echechi, nezvose, zvakabatana pamwe chete. Saka, ndaigona kutaura zvechokwadi, kuti, pakunzwisisa kwangu kwakanakisisa, uye maringe neShoko raMwari, nechiratidzo, nechizaruro, dudziro yacho iZVANZI NAJEHOVHA.

414 Zvino, dai Ishe vakuropafadzai mose, mumwe nemumwe, zvakanyanyisa chaizvo, tichisimuka zvino nekuimba rwiyo urwu rwakare rwakanaka rwechechi. Mwari vakuropafadzei, mumwe nemumwe. Amen.

415 [Hama Branham vanowedzera mitsara 4 inotevera, yakatorwa kubva pandima 374-375 yeMharidzo yavo manheru akapfuura, Kurume 24, 1963—Mupepeti]

Ndi. . . (Mwari vakuropafadzei!) . . .

NdinoMuda, (nomoyo wangu wose),

Nokuti ndiYe akatanga kundida.

Mwari vakuropafadzei, Hama Neville. . . ? . . . Garai panzvimbo yebasa. . . ? . . .



CHISIMBISO CHECHINOMWE SHO63-0324E
(The Seventh Seal)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZECHIZARURO CHEZVISIMBISO ZVINOMWE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Kurume 24, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org